

# CHII CHIRI KUKWEZVA MESO PAGOMO?



Tenda chete, tenda chete,  
Zvinhu zvose zvinogoneka, tenda chete.

Ngatikotamisei misoro yedu zvino.

Mwari Baba, ndiwo munamato wedu wakaperera manheru ano, tichiona zvose zvaMuri kuitira vanhu muzuva rino. Uye tinoKukumbirai, Ishe, dai tangotenda chete, kungotenda kuti Ichi iChokwadi, Shoko rakanyorwa richiratidzwa kwatiri. Tipeiwo zvinhu izvi, Baba.

<sup>2</sup> Zvino Manheru ano tinoda kuKutendai ne—neChiedza chaMakandira paMagwaro kwatiri mangwanani ano. Uye tinonamata manheru ano, Ishe, mumutsara uya womunamato, kuti Muchasimbisa Shoko reNyu kuti iZvokwadi.

<sup>3</sup> Tinonyengeterera machechi ose uye neungano dzakaungana dzakatenderedza iwo—iwo—iwo mamaikirofonu maduku kunze kwose kwakapoterredza, kubva munyika, uye nzira yose kusvika kuMahombekombe eKumadokero, kukwira mumakomo emuArizona, zasi kusvika kumapani ekuTexas, kunobata kuMahombekombe eKumabvazuva, kwose-kwose munyika ino, Ishe, uko kwavakaungana. Takasiyana-siyana nemaawa akawanda, panguva, asi, Ishe, tiri pamwe chete manheru ano seboka rimwe chete, vatendi, takamirira Kuuya kwaMhesiya. Tinonamata, Baba veKudenga, kuti MuchaMutumira nokukurumidza kuitira Chechi yeNyu. Nokuti tinozvikumbira nomuZita raKe. Amen.

<sup>4</sup> Mungagare henyu pasi. Kwaziso dzeChikristu kuna vose vari pano manheru ano. Ndine urombo kuti tichiri takamanikana nekutsikirirana kudzamara tonetseka pakufema. Kunyange michina inotonhorera iyi, kunyange kuri kutonhodzwa, hazvina zvazvinonyatsobatsira, vanhu vakawanda chaizvo. Dai yanga ingori chete chechi yakazara nevanhu, michina inotonhorera iyi yaikuitai kuti mugwambe nechando. Asi zvino munhu wose ane chifefeto, achizvifefetera, uye muchina unopa mhengo inotonhorera iri kufefeta zvakaomarara.

<sup>5</sup> Tinotumira kwaziso kubva kuMahombekombe ekuMabvazuva kusvika Kumadokero, kushamwari dzedu dzose munaKristu, avo vakateerera. Tinotumira kwaziso kuSan Jose, Hama Borders, boka ririko kumusoro ikoko. Tinotumira kwaziso kumusoro kumakomo, Prescott, Arizona, kunaHama Leo Mercier neboka ravo riri kumusoro vakamirira Kuuya kwaShe. Tinotumira kwaziso kune avo vari kuTucson, vakaungana

manheru ano, vakamirira Kuuya kwaShe. Zasi kuHouston, Texas, kune avo vakamirira Kuuya kwaShe. Kumusoro kuChicago, kune avo vakamirira Kuuya kwaShe. Kumusoro kuMahombekombe ekuMabvazuva, New York neConnecticut, uye nemapoka makuru ari kumusoro ikoko, vakamirira Kuuya kwaShe. Hatina nzvimbo pano yokuvagadza, saka tinofanira kuvatumira Shoko nenzira ye—ye nzira yerunhare. Tinotumira kwaziso kunaHama Junior Jackson manheru ano, neboka ravo zasi kuClarksville. Hama Ruddell, kumusoro ku sixty-two, neboka ravo, vakamirira Kuuya kwaShe. Uye takaungana pano pachechi yapamusha, iyo tabhenakeri, takamirira Kuuya kwaShe.

<sup>6</sup> Uye zvino, vazhinji venyu pamwe vanga vasiri pashumiro mangwanani ano. Asi ndinovimba kuti munhu wese, anga asipo, achanzwa tepi iyoyo, nokuti ndinotenda kuti ndiyo yanga iri Mharidzo yakanyanya kunanga chaizvo kuchechi kubvira pa—pamharidzo ye*Madzichangamire, Ko Yava Nguva Ipi?* Ndanyatsonzwa chizoro cheMweya, ndanyatsotungamirwa kutaura zvandaita. Yanga yakareba, asi ndanyatsonzwa kusundwa kuti ndizviite. Uye ndinofunga kuti Ishe, neShoko raVo, varatidza nguva yatiri kurarama. Uye vaita kuti tinzwisise izvo zvinhu zvakavanzika zviri kuitika. Munoziva, Bhaibheri rakati, “Vakangwara vachanzwisisa.”

<sup>7</sup> Asi marudzi uye nevanhu vachange “vasina simba asi vakangwara.” Chingofungai, munhuwo zvake wemuAmerica iye zvino anosvika pazera repakati nepakati, aine makore makumi maviri, haana simba asi akangwara. Vakanga vasina ndege dzemajeti mumazuva iwayo, uye—uye mabhomba eatomiki, asi vairarama nguva yakanyanya kureba. Isu tiri kuva vanhu vasina kusimba asi tichinyanya kungwara, uye huchenjeri hwedu huchatiparadza. Tichazviparadza pachedu. Mwari havasi kuzotiparadza; huchenjeri hwedu ndiwo huchatiparadza. Zvakagara zvakadar, uye izvozvo zvichaitika zvakare.

<sup>8</sup> Zvino, Ishe vachitendera, Svondo inouya mangwanani, ndisingazive iye zvino kuti ndichataura nezve, asi ndinovimba kuti Ishe, kana Vakaitendera kurarama uye kana pasina zvaitika, uye kana kuri kuda kwaVo, tine chinguva chokutaura imwe Mharidzo mangwanani eSvondo inotevera, tozova neimwe nguva yokunamatira varwere manheru eSvondo iri kutevera. Zvino unozova mungava wangu webasa kudzokera kumba kuArizona, kudzosera mhuri kuitira kuti vana vakwanise kupinda chikoro. Zvadar imi muchava...Tichakuzivisa, sepatinokwanisa, pamusoro pemisangano painenge ichiswedera, kana kuti nguva dzati...nzvimbo dzatiri kutarisira kuva padziri. Saka, Mwari vakuropafadzei mose.

<sup>9</sup> Zvino manheru, ano tichiziva kuti...Ndanonoka namaminitsi gumi nemashanu, kare, iquarter to eight muno muJeffersonville; uye dzingave quarter to nine

kuMahombekombe ekuMabvazuva, uye dzingaite five o'clock kuMahombekombe eKumadokero. Saka iye zvino zuva rave kutodoka kuno. Uye ndinoda kutaura kwamuri kwesevhisi pfupi chaiyo, kuedza kuwana chizoro cheMweya, zvino tozodanira mutsara wekunamatira vanhu.

<sup>10</sup> Zvino ndinoda kuti vungano iri pano, uye zvakarewo vungano dzakaungana kune dzimwe nzvimbo, kuti wanai mumwe munhu, imwe hama yakazodzwa neMweya; uye patinotanga kunamatira vanorwara, ibvai maisa maoko pamusoro peavo vari muungano yenyu. Rangarirai, Mwari ari kwese-kwese; Ari kwese-kwese. Saka, zasi kuTexas, kumusoro kuCalifornia, uko kuArizona, kungavepi kwamuri, isai maoko pamusoro peavo vari kurwara patinotanga kunamatira varwere. Uye ndine chokwadi chokuti Mwari vanonzwa nokupindura munamato.

<sup>11</sup> Chinhu chakashamisa, neSvondo manheru yapfuura, uye chizoro pachakanga chichienderera mberi, uye Mweya Mutsvene...Chakava chimwe chinhu. Ndakanga ndisina kumbova nemu—mutsara wekunzvera zvakavanzika zvemwoyo kwemwedzi nemwedzi, kubvira pandaiva pano nguva iya. Zvino kufamba pamusoro ipapo pasi pevimbiso...usiri kuziva kuti Iye Achazviita. Haungataure kuti Anozviita. Unofanira kungofamba ipapo wongomira. Iye Anozvitonga. Anoita zvaAnoda. Asi kungomira ipapo womirira kuona kuti Achaitei, zvino woChinzwa chichirova nepauri saizvozvo.

<sup>12</sup> Zvino pakupera kwemu—musangano, ndisingazivi kuti aiva ani, asi pakanga paine mu—murume pane imwe nzvimbo mumutsara ainge akareba, uye aine mhanza nechepamusoro, uye aiva munhu airwara chaizvo.

<sup>13</sup> Uye zvino pokupedzisira, paive pane murume akaonekwa pano papuratifomu, uye aiva akaisa musoro pasi, zvaiita sokunge aitambura nokurwadziwa, akazvibata nechepadumbu. Uye ini ndokufunga kuti aifanira kunge ari murume wokutanga kana wechipiri, kana angave upi zvake wandakanamatira, nokuti akanga aine mhanza uye akabata musoro wake pasi; murume muhombe, akakotamira. Asi ndakatarisa ndikaona murume wacho akagara mukati muno, asi akanga achifara. Ndakafunga, “Ko ndekupi ikoko?” Handina kuziva kuti kwaiva kupi. Ndaizvanzwa uye nekuona murume aive mberi kwangu.

Ndakachinzwa chichidhonza nenzira iyi, uye zvaibva nechekumashure. Ndakatarisa kune Hama Neville nevaviri vagere pano, vakange vasiri ivo. Ndakati, “Murume wacho agere nechemukati memunobhabhatidzirwa vanhu shure uko.” Zvino munoziva kuti aiva ani? Hama Shepherd. Chikonzero ndakatadza kucherechedza, vaiva vakagara kumashure uko vakakotamisa musoro wavo, vachinamata.

<sup>14</sup> Vaifunga kuti vakanga vave kufa, vakanga vazvifunga kwemavhiki mashoma achangopfuura. Mudzimai wavo akavaudza kuti vatenge shangu itsva, uye ivo vakati, “Handimbodzishandisa. Handisiri kurarama kwenguva yakareba zvakadaro.”

<sup>15</sup> Zvino vakasangana neni nezuva riya mu... pamusoro apo muchivanze, chaHama Wood, vachidaidzira nokurumbidza Mwari. Vakati, “Ndiri kudya nyama yenguruve, mazai, matomatisi, zvese zvandinoda.”

<sup>16</sup> Uye nokuzvinipisa vachipa mumwe chigaro chavo, vachienda zvavo kumashure uko, uye nokunamata. Maona, haufanire kuve nekadhi rokunamatirwa, unongofanira kuva nokutenda. Maona?

Zvino, handina kuzoziva kuti vakapodzwa here kana kwete, Ndakangoti, “Mu—murume, ari kunyengetera, ane chiri kumunetsa.” Ndinofunga Chakataura zvazvaiva, “Dambudziko remudumbu, uye ari kunamata shure seri uko. Ishe Jesu vakuporesa.” Zvino, ndizvozvo chete zvandakataura. Kudhonza kwaive kwokuti vakanga vari kunamata. Ndaikwanisa kuzviona, asi zvaizoitika handizivi. Maona?

<sup>17</sup> Asi kana ukaChinzwa chadzoka, munhu wose anoziva, kana Chava kuti, “ZVANZI NAJEHOVHA,” maona, handichini ndichiri kutaura zvino; ndiYe.

<sup>18</sup> Asi ndinowanzo kuti, “Jesu Kristu akuporesa,” ndiyo Zvokwadi chaiyo. “Akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu, namavanga aKe takaporeswa.” Maona? Maona?

<sup>19</sup> Asi kana Chauya ne, “ZVANZI NAJEHOVAH,” chokutaurira zvokuita nezvichazoitika, tarisa izvozvo, zvichange zvakadaro.

<sup>20</sup> Asi kana ndikati, “Jesu Kristu akakuporesa uye anokunatsa,” Iwe zvitende, nokuti iYe akatozvitaure kare. Ini ndiri kungodzokorodza zvaAkataura.

<sup>21</sup> Uyezve Chiratidzo kungodzokorodza zvaAratidza. Manzwisisa?

<sup>22</sup> Zvino ngatichurumidzei tinyatsopinda imo muShoko chaimo, nokuti ndinoziva kuti vazhinji venyu vari pano, mune mamaera okufamba manheru ano. Ndinonamata kuti Mwari vakuropafadzei, vakubatsirei nokukuchengetedzai panzira. Zvino ndinoda kuzarura manheru ano kuna Mutsvene Mateo, chitsauko 21, uye ndima 1 kusvika ku11, muna Mutsvene Mateo. Uye, zvino, kana musina Bhaibheri renyu, kana kuti kana muchida kunyora pasi Magwaro aya, zvose zvakanaka.

<sup>23</sup> Uye zvino kwamuri imi musina kumbonzwa Mharidzo mangwanani ano, uye kana mune muchina wetepi rekodha; hatiite zvokumanikidza, kutengesa matepi. Hatiite zvokumanikidza, kutengesa chipi zvacho. Dzimwe nguva mumusangano mukuru vanozivisa kuti vane mabhuku

shure uko; hapana mari yatinoita pamusoro pazvo. Hama Vayle ndivo munyori. Matepi, murume anoita bhizimisi ramatepi anokutaurirai, hapana mari yatinoita pamatepi. Hatiiti...Hazvisi zvokuti “matepi”; inyaya yeMharidzo. Uye kana munhu akabatikana mupfungwa dzake kuti ndezvemari, haachazogadzira matepi zvakare. Ndizvozvo. Ndanga ndichibvunza nezvazvo, ndinofunga kuti matepi edu anotengeswa mari ingaite, pasi pemadhora mashanu, kana zvakadaro, kubva pamatatu kusvika mashanu, kana zvimwe zvakadaro. Ko ngatiti? Matatu; kana mana, kana iwo matepi makuru, akareba.

<sup>24</sup> Uye mumwe mushumiri, ndakabvunza pamusoro peimwe yamatepi ake, zvino yaiita madhora mapfumbamwe, yakareba zvingaita maminiti makumi maviri kana matatu, yemharidzo.

<sup>25</sup> Naizvozvo ndiri kuona kuti Hama yedu Sothman shure uko havasi kumbopfuma, kana ani zvake, pabasa rematepi avari—avari kugovera kunze uko. Maona, vanongowana zvisomanani zvokuti vararame pazviri. Haungavati vaite basa racho pasina chavanowana, nokuti vanotofanira kutenga matepi acho nezvimwe zvole. Uye michina yacho inodhura chaizvo, ine mutengo wezviuru gumi zvamadhora kukwanisa kuva nezvokugadzirisa matepi iwayo, kutoti vatange.

<sup>26</sup> Zvino, Ndinonzwisisa kuti nenguva isipi...ndakazvizivisa pari zvino. Asi pane mumwe musangano wezvematepi zvakare. Pano-neapo isu...matirastii, ini handina nechekuita nazvo. Handitombo...kana kutombove pane mumwe wemisangano yacho. Hazvisi—hazvisi zvakanaka kana zvakaipa. Vanounza zvanovanimbisa kuda kuita; matirastii vanosarudza kuti ndeupi munhu ava nejana rokugadzira matepi, zvino vanotumira tsamba. Ndizvo zvoga zvandinoviva nezvazvo. Ndivo vanoona nezvaizvozvo, nokuti handisi kukwanisa kana kukumikidza vacheche bedzi ko kuzoti kuona nezvematepi, saka, kana kubhabhatidza.

<sup>27</sup> Saka pfungwa yangu ndakaigadza paMharidzo iyi, ndiyo iyo Kudhonza kweChitatu kuya, uye ndiyo yandinofanira kunge ndichikudza nokutendeka kwairi.

<sup>28</sup> Mateo 21:1 kusvika pa 11. Ndataura izvi kuti mukwanise kutarisira...kana kuti kuzarura Magwaro acho.

*Vakati vachi...Vakati vachiswederwa Jerusarema, vakasvika Bhetefage, pagomo reMiorivi,...Jesu akatuma vadzidzi vaviri,*

*Akati kwavari, Endai kumusha wakatarisana nemi, pakarepo muchawana mbongoro yakasungirirwa, nemhuru yayo: mudzisunungure, muuye nadzo kwandiri.*

*Kana ani nani achataura chinhu kwamuri, muti, Ishe unodzida; pakarepo uchadzituma.*

*Izvozo zvose zvakaitwa, kuti zvakataurwa  
nomuporofita zviitike, paakati,*

*Vudzai vanasikana veZioni, Tarirai, Mambo wenyu  
anouya kwamuri, Ari munyoro, . . . akatasva mbongoro,  
nemhuru yechipfuwo chinokweva.*

*Vadzidzi vakaenda, vakaita sezvavakarairwa naJesu,  
Vakauya ne—nembongoro, nemhuru, vakaisa nguwo  
dzavo pamusoro padzo, vakamugadzikapo.*

*Vazhinji pakati pavanhu vakawarira nguwo dzavo  
munzira; vamwe vakatema matawi emiti, vakawarira  
munzira.*

*Vanhu vazhinji vakanga vakamutungamirira,  
navakanga vachitevera, vakadanidzira, vachiti, Hosana  
kuMwanakomana waDhavhidhi: Ngaakudzwe Iye  
anouya muzita raShe; Hosana kumusoro-soro.*

*Wakati apinda Jerusarema, guta rose rikapesaniswa,  
vanhu vakati, Uyu ndianiko?*

*Vanhu vazhinji vakati, NdiJesu muporofita  
weNazereta reGarirea.*

<sup>29</sup> Zvino kana ndikatora chidzidzo kubva ipapo, kwemaminitisi angaite makumi matatu tisati tavamba mutsetse wokunamatira vanhu, ndinoda kutora izvi sechidzidzo: *Chii Chiri Kukwezva Meso PaGomo?*

<sup>30</sup> Zvino, rakanga riri zuva rainetesa, rine kuhuta-huta, uye raive zuva rakasiyana namamwe. Tinoona Jesu pano achiuya kuJerusarema, akagadzirira kusvika papaseka. Uye paseka ndipo apo gwayana repaseka rauraiwa, uye ropa raiiswa pachigaro chenyasha kuitira—kuitira yananiso ye—yevanhu. Uye Iye akanga achibva paBhetefage zvino akanga asvika pamusoro peGomo reMiorivi, rinenge rakatarisa pasi pechimwe chikomo chiduku apo pakavakirwa Jerusarema. Zvino paAitarisa, achiziva kuti uku ndiko kwaiva kushanya kwaKe kwekugumisira.

<sup>31</sup> Iyi ndiyo yakanga iri nguva iyo Aizokumikidzwa mumaoko avanhu vakaipa uye vaizoMuuraya. Iye aizofa rufu rwakanyanya kuipisisa rwati rwambofiwa nomunhu anofa, uye nokuzovigwa. Aizopandukirwa nevokwaKe, vamwe vacho vainge vakatomira naYe. Uye Iye, zvaaiwa Mwari, aitoziva zvakange zviri mumwoyo yavo, achiziva kubva pokutanga kuti ndiyani waizoMupandukira. Uye achiziva kuti murume waAive naye aigara parutivi rwaKe uye achiverenga mari yaKe kwaAri, nezvimwe zvakadaro, aiziva kuti murume iyeye aizoziva. Uye aiziva kuti muchinjikwa une hutsinye wechiRoma waive wakaMumirira kunze ikoko. Aiziva kuti mvura iri mumutumbi waKe uye neRopa raive mumutumbi waKe zvaizoparadzana, uye kuti Ropa raizodonha kubva

pahuma yake, madonwe makuru anenge dikita. Aiziva zvose zvaive mberi kwaKe. Zvino apa Anomira pagomo, akatarisa kuJerusarema.

<sup>32</sup> Vanhu vezuva iroro, zva...vavaiti nezuva iroro, “boka riri nani revanhu vezvinamoto,” vaiMuvenga. Machechi ezuva iroro vaiMuvenga uye nokuMuramba, nokuzvidza vose vaiMuteerera. Uye pavaienda nokunopinda mumisangano yaKe, vaibva vatodzingwa kubva muruwadzano rwechechi. Ndicho chikonzero Gwaro rakati, “Iye Akauya kune vokwaKe, uye vokwaKe havana kuMugamuchira.” Avo vaifanira kunge vachiMuda, avo vaifanira kunge vachiMutsigira, ndivo vaive vachivava kwaAri, vavengi vakanga vaine ruvengo rwakanyanyisa kwaari.

<sup>33</sup> Uye Iye akanga aunganidza boka raKe kubva paboka ravanhu varombo, varedzi vehove, vateresi, vasina kudzidza. Bhaibheri rakati vamwe vavo vakanga vachitonzi “havana chavanoziva, havana kudzidza.” Vamwe vavo havaitogona kana kusaina zita ravo. Haana kumboenda kumachechi kuti awane vanhu vaKe.

<sup>34</sup> Uye haAna kumbobvumirana nemumwe chete wevatungamiriri vamachechi. Uye, pamusoro paizvozvo, Akatevera maitiro chaiwo emuporofita. Akatsiura zvose zvavaiita, sezvakaitwa nevakaMutangira; nokuti vakanga vari chikamu cheShoko, uye Iye akanga ari Shoko mukuzara kwaRo.

<sup>35</sup> Asi pakati pazvo zvose, muchizvarwa chimwe nechimwe uye muporofita wese akambovepo kana kuti achazovapo, pachange paine rimwe boka ravanhu vakatemerwa kuti vanzwe Mharidzo iyoyo, uye ivo vachaItevera. Ivavo vanofuratira mhomho dzevanhu. Vanofuratira kutsoropodza kweasingatendi. Hava—Havaite gakava navo. Vane chinhu chimwe chete chekuita, kutenda uye nokuwana chimwe nechimwe chaRo chavanokwanisa kuwana, kunyatsoRimedza sezvakaita Maria aigara patsoka dzaJesu.

<sup>36</sup> Zvino Marita waigadzirira chokudya chaKe, uye Jesu akati kwaari, “Asi, Marita, unobatikana zvakanyanya nezvinhu zvohupenyu huno, asi Maria akatsvaka zvinhu zviriri nani,” maona, zvinhu zvoHupenyu Husingaperi.

<sup>37</sup> Zvino, tinoona kuti vanhu vazhinji vakanga vanzwisisa... Vakanga vasina zvinyorwa sezvatinazvo nhasi, vakanga vasina terevhizheni kana runhare, kana chii zvacho, zvenguva iyoyo, asi vakanga vangonzwa neguhu raipoteredza kuti Iye aizenge ari papaseka. Kuvanhu vakawanda, zvavaive vanhu vane pfungwa yemweya, vakaziva kuti Aiva Gwayana iroro repaseka, nokuti Akanga atovaudza kare izvo zvinhu zvaizoitika.

<sup>38</sup> Uye zvino, ndizvozvoka, vachiziva kuti Aizenge aripo, uye vachiMuda nenzira yavaiita, vakanga vakaMumirira. Pakange paine boka rakanga richisaidzira, richisunda kubva pane

rimwe suwo kuenda pane rimwe, vachitarisa kwose-kwose, nokuti vaiziva kuti nguva ipi zvayo iYe aizoonekwa. Vakanga vakatarisa.

<sup>39</sup> Vamwe vakauya vachishamisika kuti chii chanetsa vanhu ava vari kumhanya kubva kunerimwe suo kuenda kune rimwe suo. “Chii chiri kukwezva meso?”

<sup>40</sup> Zvino vaitarisa kurutivi *urwu* uye votarisa rutivi *urwo*, kuti vaone. Zvaitaridzika sokunge vakanga vari kutarisira chimwe chinhu, pasi pokutarisira chimwe chinhu chaizoitika.

<sup>41</sup> Oh, ndingade zvakadini kushandura chidzidzo changu kwamaminitsi mashoma uye ndigotaura izvi, kuti izvozvo ndizvo zviri kuitika nhasi. Vanhu vari kutarisira kuuya kwaKe vari pasi pokutarisira kukuru uye netarisiro. Tiri kunyatsozvanzwa, kumanikidzwa kwacho. Uye vari kutsvaka, vachitarisa kamufambire kese uye nechiratidzo chese, vachizvienzanisa naMagwaro.

<sup>42</sup> Uye pavakaona zvinhu zvose izvo zvakafanotaurwa pamusoro paKe, kusvika kumagumo, vakabva vaziva kuti kuguma kwava pedyo. Vaida kunge varipo, saka vakarindira. Chimwe chikamu chemhomho yevanhu chaive chiri chevaiMuda, vari vashoma. Vamwewo vakanga vachiMupikisa, vazhinji vavo, zvikamu makumi mapfumbamwe kubva muzana vaiMupikisa.

<sup>43</sup> Uye zvinoita sokunge ndizvozvo zvazviri nhasi mumhomho dzezvinamoto, kana zvikanyatsosvika paShoko naKristu, pane chikamu chimwe chete kubva muzana vanoRitenda. Chimwe chikamu hachimboteerera kwaRiri, hazvinei kuti chii chaitwa, vanongoita rimwe jee rokuseka kana zvimwe zvedam pamusoro paRo. Zvakangoita zvimwe chetezvo. Nguva, zvinhu hazvishanduke zvakanyanya, nhoroondo inongozvidzokorodza pachayo.

<sup>44</sup> Zvakanaka, tinoona kuti zvakakonzera kumanikidzwa nekuhuta-huta. Zvaifanira kudaro. Zvinofanira kuitika saizvozvo. Vakanga vakamirira, vakauya vachishamisika kuti iYe aizoitei kana Asvika ipapo. Ivo vakanga vachida kuva ipapo kuita kuti vagowana chese chaAnenge azoita. VaiChida. Vaida kuChiona. VaiMutenda. Vamwe vakanga vanzwa kuti Ari kuuya, uye vakaenda ikoko kuti vanoMuseka. Saka mushure mokutarisira kwose kwaiva nokuhuta-huta, zuva rakanga rakasiyana namamwe, nguva yakati siyanei, machechi akarara, vanhu tsinga dzemanzwiro dzisina kugadzikana, paiva nevanhu vakawanda ipapo, pakarepo zvakabva zvaitika!

<sup>45</sup> Pamusoro peGomo reMuorivi pakauya kambongoro kaduku, kachena, kachifamba kachidzika nechikomo, neboka revanhu vari kusheedzera nekupengereka, vachipurura mashizha emuchindwi kubva pamiti, vachikandira hanzu dzavo munzira, vachizhambatata, “Hosana kune Mwanakomana waDhavhidhi anouya nemuZita raShe!” Iko...kanyurusi kaduku aka,



Mutasvi wako akanga asiri mumwewo kunze kwaMhesiya waMwari akazodzwa wenguva iyoyo.

<sup>46</sup> Mwari, zvino, akanga Achiitei? Chii chaikwezva meso pamusoro apo Pegomo? NdiMwari ari kuita nhorondo, uye Mwari achizadzikisa chiporofita. Uye izvozvo nguva dzose zvinokonzera kukwezvwa kwemeso. Kunomutsa vatsoropodzi vose, magora (eMharidzo yamangwanani ano), uye nezvapungu zvekarewo. Maona? Zvinouya pamwe chete kuzoona kuti chii chiri kumboitika. Vamwe vanouya nechishuwo chokuda kuona, vamwe vanouya kuzowanira mhosva, vamwe vanouya kuzotsoropodza. Pane vakasiyana-siyana vanoungana, sezvatareva mangwanani ano: vatendi, vatendi vekabanga, uye nevasingatendi. Chii chiri pagomo? Chiporofita chiri kuzadzikiswa. Zvino tichaona kuti chii chichaitika.

<sup>47</sup> Zvino, mubhuku raZakaria, muchitsauko 9 uye ndima 9. Zakaria, mumwe wevaporofita, akataura muMweya, achitaura izvi.

*Fara kwazvo, imi vakunda weZioni; pururudza, imi vakunda weJerusarema: tarira, Mambo wako unouya kwauri: ndiye wakarurama, . . . ane ruponeso; nokuzvininipisa, akatasva mubhemhe, iyo mhuru, mwana wembongoro.*

<sup>48</sup> Zvino, chii chaiva chakanganisika navanyori ivavo? Chii chakanga chakanganisika navaprisita ivavo? Chii chakanga chakanganisika navanhu vaya vezvinamato? Izvi zvakanga zvakanorwa makore mazana mana ane makumi masere nemanomwe zvisati zvaitika, nomuporofita akasimbiswa, uye zvakanga zvakatoiswa muzvinyorwa zvikadaidzwa kuti Bhaibheri, zvinorwa zvakapetwa zveTestamende Yakare. Ko sei vakatadza kuona kuti ichocho chaiva chiporofita chiri kuzadzikiswa? Ndicho chikonzero chimwe chete vasingagone kuzviona nhasi. Vakanga vatora Shoko raMwari uye vakaRiita kuti rishaye simba kuvanhu, nokudzidzisa (zvetsika) seDzidziso zvitendwa zvananhu.

<sup>49</sup> Zvino kana vanyori, vaparidzi, vashumairi, vanhu vemweya (vanonzi), vazodziwa, vakangoverenga chete Bhaibheri, havawanzonetsekana nekushamiswa pamusoro pezviri kuitika, vaizoziva kuti chii Ichocho. Mwari vachizadzikisa Shoko raVo!

<sup>50</sup> Nhorondo yakanga ichiitwa, chiporofita chichizadzikiswa. Ruponeso kunyika rwakanga rwuchisvika, zuva iro guru iro vaporofita vakanga vakatarisira kwariri. Vose vakanga vari mubwiro vakanga vakamirira zuva iroro (ini zvangu, fungai nezvazvo), vose vakanga vafa, vose vakarurama veropa revakafira kutenda kwavo pamwe navaporofita.

<sup>51</sup> Apo paya, Akanga achema achidaidzira, “Jerusarema, O Jerusarema, iwe wakataka nemabwe muporofita wose waNdinokutumira, uye nokuuraya vakarurama, Ndingadai

ndakada sei kukuvhumbamira sezvinoita sheshe yehuku, ichivhumbamira hukwana dzayo, asi wakaramba. Asi zvino nguva yako yasvika.”

<sup>52</sup> Vose vaiva mubwiro, Abrahama, Isaka, Jakobho, vaporofita vose, vakanga vakamirira nguva ino.

<sup>53</sup> Zvino chechi yakanga yakapofomara kwaZviri. “Ndiyani uyo ari kukonzera ruzha rwose urwu? Ndiani Munhu iyeye?” Vakati neimwe nguva, “Ko haasi here mwanakomana womuvezi uya ari kuno uku? TinoMuziva. Ko Akawanepi hungwaru uhwu? Sei, hatiMuoni achizvibanidza nechimwe chezvikorozvedu. Hatizive kana paine mabhuku aAkambodzidza kubva paari. Ndianiko Uyu?”

<sup>54</sup> Ndiye akanga ari mhinduro kuchiporofita chomuporofita. Heunoi uYo wouya, akatasva mhuru yembongoro. Kukwezva meso kwakadini! Mwari vakanga vachizadzikisa Shoko raVo rakavimbiswa, nguva yanga yakamirirwa kwamakore zviuru zvina. MunaGenesi, chitsauko 3 uye ndima 15, Mwari vakange vafanotaura, “Mbeu yemudzimai ichakuvadza musoro wenyoka, asi musoro wake uchakuvadza chitsitsinho chake,” chiporofita ichocho chichidzika nemuBhaibheri chezvakanotaurwa zvekuuya kweMurume uyu.

<sup>55</sup> Uye pano apa nguva pfupi ichangopfuura pakanga pava nomuporofita akamira pakati pavo, aiva muporofita akasimbiswa, Zakaria, uye akataura, kuti, “Imi vakunda veJerusarema nemi vakunda veZioni, farai, danidzirai, itai ruzha, nokuti Mambo wenyu unouya kwamuri, ari munyoro akazviredza nokuzvinipisa, akatasva pamhuru yembongoro.”

<sup>56</sup> Uye apa vanhu ivavo vakaverenga Gwaro iroro, zuva nezuva, vakaMuona achiuya akatasva, uye vakadaidzira, “Ndianiko uyu?” Maona? Mwari ari kuzadzikisa Shoko raKe kuvanhu vaifanira kunge vakaziva kuti Chaiva chii, asi havana kuChiziva.

<sup>57</sup> Mwari kana Achizadzikisa Shoko raKe, Zvinogara zvichikonzera kukwezva meso, zvinogarodaro. Zvinokonzera kuti meso akwezvwe, nokuti Zvinoshamisa. Kunyatsoshamisa chaizvo, paAnozadzisa Shoko raKe kumaitiro echimanjanje ezuva rino, nokuti maitiro echimanje manje ezuva ranhasi haatende maZviri. Vane nzira dzavo voga.

<sup>58</sup> Zvino, tinoona, uye ngatidzokerei kuMagwaro uye titore zvimwe zviitiko zvinoshamisa, kwemaminiti mamwe mashoma, apo Mwari pavakadzikisa chiporofita chaVo. Kana Mwari akataura chimwe chinhu, Ari kutozochiita. Denga rose nenyika zvingapfuure, asi Shoko iroro haringatopfuuri. Naizvozvo Rinokonzera mamiriro ezvinhu, mamiriro ezvinhu anoshamisa.

<sup>59</sup> Cherechedzai kuti Shoko raMwari harinzwisisike sei ku—kuvanhu vanofanira kunge vachiRitenda, uye asi haRinzwisisike vanodaidzira, “Zvakanaka, ko chiiko ichi? Ko izvi mazviwanepi? Uyu ndiani? Chiiko ichi?”

Apo, pavaifanira kunge vachidaidzira, “Hosana kunaMambo anouya nemuZita raShe!” Asi pakange paine boka duku chete raiita izvozvo, boka duku chairo.

Mushure memakore zviuru zvina echiporofita, pachinhu chikurusa chaifanira kuitika kunyika, nokuti tariro yose yavakafa yakazorora paChiri, ramangwana rose rakanga rakazorora paChiri; uye vanhu vezvinamoto, vaiti vanoChitenda, vaitozhambatata, “Ko Ndiani uYu? Uye chii chiri kukwezva meso?” Chimwe chinhu chinoshamisa! Zvingori zvakafanana, hazvingoshanduki, zvinoshamisa.

<sup>60</sup> Ngationei zvimwe zvezvinhu zvinoshamisa, sezvandataura. Chii chaikwezva meso kutonga kusati kwarova nyika nokuiparadza nemvura? Murume mutana, aiva nemakore angasvika zana nemakumi maviri, achivaka chikepe ipo pasina mvura yokuti chiyangarare pairi. Pamusoro ipapo kwamakore, akamira pamukova, achivaka nechemukati, nemukati, achiisa namo mukati nokunze, uye achiti, “Nyika iri kuzomedzwa nemvura,” chizvarwa chikuru chezvesainzi.

<sup>61</sup> “Chiiko chiri kuita ruzha pamusoro pegomo?” “Handiti, mumwe mutana anonzi Noa, uye ari pamusoro apo, mutana anopengereka. Mutana uyu akanyanya kugarisa muzuva. Akakuvadzwa nezuva. Pfungwa dzake dzakarasiswa. Uye ari kuvaka chimwe chaari kuti ‘areka,’ uye ari kuti mvura ichauya kubva kudenga uko kusina mvura, uye ichayeredza vanhu vose varipo; zvino munhu wose asingateerere mharidzo yake, iye munhu wose asingapinde muareka iyoyo, ari kuzony’udzwa. Makambonzwa chinhu chakadaro?” Chaiva chinhu chinoshamisa chaikwezva meso!

<sup>62</sup> Ndinogona kufunga kuti vanhu kana vainyatsoda kumbonyatsoseka chaizvo, vaienda kunomira pamberi pemukova weareka uye voseka. “Seizve, iwe waiti kwaizonaya makore zana akapfuura! Vasekuru vakandiudza kuti vakakunzwa pamusoro apo uchiti kuri kuzonaya, zvino uchiri kugongodza zvino pamapuranga akare aya pano. Ko unoregererei kungozvirega woita munhu kwaye?”

<sup>63</sup> Asi vakanga vari Mwari vari kugadzirira vimbiso uye nokuzadzisa chiporofita icho chakanga chaitwa nomuporofita waKe. Zvakanga zvisinganzwisisike! Mwari vachizadzisa vimbiso yaVo kunaNowa, apo vamwewo vaiseka. Mwari zvakare vakanga vachigadzirira kuita nhorondo kuratidza kune vamwe, kunyange kuzuva rino, kuti Iye anochengetedza Shoko raKe! Hazvina basa kuti zvinoita sokunge hazviite, uye hazvina pfungwa, iYe anongochengeta Shoko raKe. Akanga

achiita muenzaniso, kubva pamutana uyu akanga achigongodza paareka iyoyo, kune vanhu ava vari muno muAmerica manheru ano uye nevari pasi rose. Hazvinei kuti sainzi inoti kudii, zvavanotaura, *izvi*, *izvo*, kana *nezvimwewo*, Iye Anongogara achichengeta Shoko raKe. Akanga achiita nhorondo.

<sup>64</sup> Chiiko chakange chichikwezva meso nerimwe zuva; chinhu chinoshamisa chakaitika murenje, uye rakanga riri gwenzi raipfuta moto. Uye muporofita akanga atiza basa akanga akamira zasi murenje. Haana kunzwa izwi, haana kunzwa ruzha, asi akatarisa akaona chinhu chinoshamisa pamusoro pegomo. Mwari vakanga vachiedza kukwezva meso ake. Ndzivo zvazviri nhasi!

<sup>65</sup> Mwari akanga achigadzirira kuzadzisa Shoko raKe, romuporofita waKe Abrahamu, “Mbeu yako ichagara kwemakore mazana mana munyika yevatorwa. Ndichavabuditsa neruoko runesimba.”

<sup>66</sup> Uye Akanga achigadzirira munhu kuitira basa iroro, sokugadzirira kwaAiiita areka kuva nzvimbo yokuchengetedzwa kuna vose vaizotenda. Mwari akatungidza chigwenzi ichi nemoto, zvino mufudzi wemakwai uyu, Mosesi, akati, “Regai nditsaukire parutivi ndione kuti chishamiso ichi chinorevei.” Zvino paAkasvitsa Mosesi pachikwenzi, Akataura kwaari.

<sup>67</sup> Chii chakazenge chichikwezva meso muimba huru yaPirato, apo mufudzi wemakwai uyu akakandira pasi tsvimbo zvino ikashanduka kuva nyoka? Mwari achizadzisa vimbiso yaKe kuna Mosesi. Chii chaikwezva meso pagungwa reDead Sea, apo mabhiza aFarao ose akashamisika, paakaona mhengo ichidzika kubva kumatenga nokupatsanura Gungwa Dzvuku kubva kurudyi kuenda kuruboshwe; uye boka renhapwa dzinonzwisa urombo, dzichifamba pandima yokudana kwaMwari, dzichiyambuka pavhu rakaoma? Chaiva chii? Mwari achichengeta Shoko raKe. Rufu rwakasuduruka, vanhu vapenyu vakayambuka; zvino vanhu vakanga vakafa pamweya vakaedza kuzvitevedzera, zvino vakany’ura. Mwari achizadzisa chiporofita uye achigadzira nhorondo. Ndzivo zvaikwezva meso pagungwa reDead Sea.

<sup>68</sup> Chii chakanga chichikwezva meso nezuva rechipiri rakatevera iroro, paGomo reSinai, apo vanhu vose vakarairwa kuti vasaswedera pedyo namadzimai avo, pavakarairwa kuti vasuke hanzu dzavo nokuzvichenesa, nokuti vaungane pagomo apo murume ane zita rokuti Mosesi akanga ati akasangana naMwari muShongwe yeMoto? Uye Mwari vakanga vati kunaMosesi, “Ndichaburuka pakati pavanhu. Ndichazosimbisa izvo zvandakataura kwaari, uye kuti Ndini Ani. Ndichavaratidza kuti Ndini Mwari wacho.” Ndzivo zvaikwezva meso, Mwari Achizadzisa Shoko raKe.

69 Chii chaikwezva meso rimwe zuva munhoroondo, apo rudzi rwevanhu vakanga vakanganwa Mwari, apo vanhu vakanga vava vetsika uye vasisina hany'a, apo vaPrisita vakanga vatevedza maitiro echimanje manje, vaporofita vachiporofita maererano nezvaidiwa navaprisita? Uye nezuya iroro, semazuva ose, paive nemurume mumwe chete wavaiti aiva mupengo. Akataura nezvevakadzi vaizvipenda, nezvimwe zvose, uye akanga ari muchinda asinganyatsonzwisisika. Uye mukuru mutana uyu akanga ati kunaMambo, "Kunyangwe dova richidana . . . hariuye kusvikira ndaridana ini."

70 Uye isu tinoona kuti, zvino, iye akauya akazvivanza nokutiza, iye ndokuzvivanza kurenje kune imwe nzvimbo. Ruzhinji rwakafunga kuti pamwe ashaya chokudya ndokuziya ndokufa kana kuti akaparara; asi akanga awana chokudya zvakanatsokwana, nokuwana mvura, zvakare. Zvino heunoi ave apa, adzika iye ndokuti, "Muri kuona here kuti ndine ZVANZI NAJEHOVHA? Zvino, kana musati magutsikana, ngatiendei pamusoro pegomo uye tigoratidza kuti Mwari ndiani," nokuti akanga awana chimwe chiratidzo kubva kunaShe.

71 Iye akati, "Sarudzai imi iyo—iyo aritari, uye muite, uye—uye sarudzai nzombe mudziuraye. Ini ndichagadzira aritari yaJehovha, uyewo ndichaisa nzombe pane yangu. Tose tichaita chibairo, regai Mwari anova Mwari wechokwadi apindure." Angadai asina kuita izvozvo dai Jehovha vasina kunge vamuudza; akazozvitaure gare-gare, "Ndakaita izvi pa . . . zvose izvi, pakuraira kweNyu, Ishe."

72 Asi chii chiri kukwezva meso? Pane vaprisita mazana mana akamira pagomo, uye mambo ari pamusoro apo mungoro yake, nezvombo zvake zvose nevarindi vakakomberedza. Uye uyu mutana, ane makushe, ari murume ane huso husina kunyatsoti kwesere, ane mhanza, aine bvudzi rakangoremba nepachiso chake, nedehwe rehwai rakamoneredza muviri wake wese, aine mavhudzi pamuviri wake wese, akamira ipapo nechimuti muruoko rwake, nechinu chemafuta mune rimwe ruoko; akanga akamboti, makore matatu nechidimbu nguva iyi isati yasvika, "Hakuna kana dova richabuda kusvikira ndadanira, kuti riuye," achitora chinzvimbo chaMwari, nezvinhu zvakaita seShongwe mimvuri, nezvose zvavanotaura pamusoro pazvo. "Uyezve heunoi mupengereki mutana uya akamira pamusoro pegomo apo, achiunza vanhu vose ipapo." Chiiko chaikwezva meso? Akanga ari Mwari vachigadzirira kusimbisa muporofita waVo kuti ndewechokwadi. Akanga ari Mwari achizadzisa chiporofita. Mwari zvakare ari kugadzira nhoroondo, achizadzisa Shoko.

73 Kwapera mazana mashoma emakore shure kwaizvozvo, pakava zvakare nemurume akanga akazodzwa neMweya mumwe chete, iye akabuda achibva murenje, asina

kuzvibanidza nerimwe ramasangano; kunyange baba vake vakanga vari munhu wesangano, muprisita wehurongwa. Asi iye akabuda kubva murenje, akapfeka dehwe rehwei, vhudzi pachiso chake chose. Pachinzvimbo chokuva rachena mvii, rakanga riri dema. Chii chaikwezva meso pamurume uyu icho chakakwezva Jerusarema rose neJudheya rose? Vamwe vavo vaienda uye vachiti, “Kune mupengo zasi uko. Ari kuedza kunyudza vanhu mumvura. Ndiani akambonzwa nezvechinhu chakadaro?”

<sup>74</sup> Vamwewo vakanga vaine shungu dzokuda kuziva, uye vaiti, “Uyu Anofanira kunge ari Mhesiya.” Mumwe wavo akati, “Anogona kunge ari mumwe wavaPorofita.” Vakanga vasingazivi zvokufunga. Asi chaiva chii? Akanga ari Mwari vari kuzadzisa Isaiah 40, apo paAkati, “Tarira . . .” izvo zvaAizoita mumazuva okupedzisira, kuti Aizotumira muranda Wake uye nezvaizoita.

<sup>75</sup> Zvino tinozoonza kuti, mavhiki mashomanana shure kwaizvozvi, murume iyeye akanyatsogutsikana neMharidzo yake, kudzamara akati, “Pane Mumwe akamira pakati penyu, Uyo shangu dzake handina kukodzera kudzitakura. Iye achakubhabhatidzai neMweya Mutsvene neMoto, sezvandakubhabhatidzai nemvura.”

<sup>76</sup> Rimwe zuva munhuwo zvake, Murume wechidiki, aive nemakore angaite makumi matatu, akafamba achidzika uye ndokubhabhatidzwa. Uye apo Murume uyu paakauya, pakanyatsova nekukwezva meso emuporofita, muporofita akaita zvinoshamisa musi iwoyo. Vungano haina kugona kusatarisa maitiro emuporofita achiita gakava navaprisita mhiri kwerwizi.

<sup>77</sup> Paaikakavadzana nevaprisita mhiri kwerwizi, vakati, “Mwari vakavaka aritari iyi. Mwari vakatiudza kuita izvi. Mosesi ndiye muporofita. Tinotenda munaMosesi. Chibairo hachimbofa chakabviswa.”

<sup>78</sup> Ndinokwanisa kunzwa Johane achipindura, akati, “Hamuna here kuverenga muGwaro izvo zvakataurwa namuporofita Dhanieri achi, ‘Chibairo chemazuva ese chichagumiswa?’ Uye nguva yacho yatosvika! Hamuna here kuverenga zvakataurwa naIsaya muchitsauko 40, ‘Inzwi rounodaidzira murenje, gadzirirai nzira yaShe?’ Pane zviporofita zviviri pamusoro pangu. Uyezve chimwezve chinhu, hamuna here kucherechedza muporofita wedu makore mazana mana akapfuura, Maraki, paakataura muchitsauko 3 uye ndokuti, ‘Tarirai, Ndinotuma nhume yaNgu mberi kwaNgu, kuti agadzire nzira?’ Hamuzive here kuti izvi zviru kuzadzisa chiporofita?” Chiporofita chaizadikiswa!

<sup>79</sup> Pakare-pakare ipapo muporofita akacheuka uye ndokuti, “Tarira, herinoi Gwayana raMwari rinobvisa zvivi zvenyika!”

Zvino chii chiri kukwezva meso? Zvashanduka kubva kumuporofita kuva chiporofita chake.

<sup>80</sup> Zvino cherechedzai zvinozoitika. Hepanoi pouya Munhuwo zvake, asina munhu anomuziva, mwanakomana wemuvezi, akauya achifamba achipinda mumvura. Apo Johane, muporofita mukuru, akati, “Ndini ndingatoda kubhabhatidzwa neMi. Ko Mauya kwandiri sei?”

<sup>81</sup> Akati, “Chirega hako zvidaro. Asi, somuporofita neShoko, zvakatifanira kuti tizadzikise kururama kwose.”

<sup>82</sup> Naizvozvo akanzwisisa kuti Chibairo chaifanirwa kugezwa chisati chapiriswa, zvino ndokuMubhabhatidza.

<sup>83</sup> Zvino pane kumwe kukwezva meso kwakaitika apo Iye akabuda mumvura. Muporofita uyu akanga anyatsotendeka kushambadzira nokuzivisa chizvarwa chake uye nenguva, akatarisa kumusoro zvino ndokuona matenga achizaruka. Akaona Mweya waMwari, senjiva, uchiburuka pamusoro paKe, uye neInzwi richiti, “Uyu ndiYe Mwanakomana waNgu unodikanwa waNdinofarira.” Mwari vakanga vachisimbisa mharidzo yomuporofita, yakanga ichikwezva meso paJorodhani.

<sup>84</sup> Hama yaimba nguva shoma yapfuura, kana kuti yanga ichifanira kuimba, “Pane chikomo chiri kure pakamira muchinjikwa wakare wakakwasharara.” Chii chiri kukwezva meso paGomo reKarivhari? Apo tinoona nyika yezvinamato yakanga yaMupomera, uye hurumende yechiRoma yakanga yaMutongera kuti afe. Zvino hoUnoyi aive akaremba pakati pemakororo mairi, achifa nenyota, Ropa richichururuka kubuda mumutumbi waKe. HeUnoi akaremba, achichema, “Mwari waNgu, Mwari waNgu, ko MaNdisiireiko?” Uye vanhu vezvinamato vakamira ipapo, vakazvitarisa, havana kana paduku chaipo kumboziva kuti chiporofita cheTestamende Yakare chakanga chichizadziswa ipapo chaipo paKarivhari panguva iyoyo.

<sup>85</sup> Dhavhidhi pachake akanyora, aka...akawira muMweya sevaporofita vose, akaita sokunge aiva Iye. Dhavhidhi akachema, muna maPisarema 22, “Mwari waNgu, Mwari waNgu, MaNdisiireiko? Mapfupa aNgu ose anoNditarisa. Vakabvovora maoko aNgu netsoka dzaNgu.” Dhavhidhi, achitaura sokunge aiva iye. Zvino akanga asiri Dhavhidhi, akanga ari Kristu munaDhavhidhi.

<sup>86</sup> Uye apa icho chiporofita chakabuda, pakati pavaporofita vakasiyana-siyana, chakanga chichizadzikiswa paGomo reKarivhari. Chii chiri kukwezva meso paGomo reKarivhari? Mwari vari kuzadzikisa Shoko raVo.

<sup>87</sup> Kumwezve kukwezva meso kwakaitika pagomo, paiva paZuva rePentekosti, apo vose vakange varipo vaungana pamabiko ezvinamato, vachifunga kuti vakanga vabvisa

mipengo yose. Vakanga vasina kunge vanzwa kubva kwavari kwemazuva gumi. Pakare-pakare, semukoko wenyuchi, vakapamuka vachibva paimba yepamusoro, kunze kupinda munzira, vachidaidzira nokuenderera mberi.

<sup>88</sup> “Ko chiiko ichi? Zvinoreveiko izvi? Varume vose ava vakadhakwa here?”

<sup>89</sup> Tarisai! Zvino muporofita akamira pakati pavo, sehurongwa hunofanira kuita muporofita, iye ndokuti, “Imi varume veIsraeri, nemi vagari vemuJudheya, nemuJerusarema, izvi ngazvizivikanwe kwamuri, zvakare teererei mashoko angu. Ava havana kudhakwa sezvamuri kufunga kuti ndizvo zvavari. Asi izvi ndizvo zviya zvakarehwa naIshe nomuromo waJoeri, muporofita, ‘Zvichaitika kuti mumazuva okupedzisera, ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose.’” Ndzivo zvaikwezva meso.

<sup>90</sup> Vanhu vezvinamato, mushure mokuroverera Muchinda weHupenyu, uye nezvose, kunyangezvo zvakadaro havana kuona vimbiso yokuuya kweMweya Mutsvene. Kukwezva meso, “Ko uyu ndiAni? Izvi zvinorevei? Ko vanhu ava vaita sei?”

<sup>91</sup> Oh, ini zvangu! Zvimwe chetezvo nhasi. Tichanyenyeredza zvinhu zvakawanda kuti tizvisvitse panguva ino. Ndzivo zvimwe chetezvo nhasi. Zvinhu zvimwe chetezvo zviri kuitika. Mubvunzo mumwe chete uri kubvunzwa. “Ko maminimini ose aya chiiko?” Tarisai kukwira nokudzika munzira, motokari dzinobva kuMichigan kusvika kuFlorida, kubva kuMaine kusvika kuCalifornia. Mangwanani ano pandange ndichityaira ndichibuda, kana kuti mushure memasikati, tanga tichidzika nenzira, mudzimai neni tanga tichitarisa zvikwangwani zvenhamba dzepamotokari. Ndipo pandafunga nezvechidzidzo ichi.

“Zviri kureveiko izvi?”

<sup>92</sup> SezvaChakati, “Apo pane Mutumbi, ipapo zvapungu zvinoungana.”

<sup>93</sup> Ndati kumudzimai wangu, “Mudiwa, unorangarira here husiku hwekupedzisira apo pandakaonekana nezvose zvakanga zvakakosha kwandiri panyika, uye ndokuenda muminda yokuvhangerana kutanga chimwe chinhu icho Mwari vakanga vati ndiite? Makaimba rwumbo rwuya.”

Oh, vanobva kuMabvazuva noKumadokero,  
Vanobva kunyika dziri kure-kure,  
Kuzodya naMambo wedu, kudya sevaeni vaKe;  
Vakaropafadzwa sei vafambi ava!  
Vachitarira chiso chaKe chakayereswa  
Vachibwinya norudo rwoKudenga;  
Vagoverani venyasha dzaKe vakaropafadzwa,  
Semabwe akakosha achipenya mukorona  
yaKe.



<sup>94</sup> Ndicho chaicho chiri kukwezva meso. Iyo Mbeu yakatemerwa yaMwari avo vasina chimwezwe chavanogona kuita kunze kwekuChitevera, chinoreva zvinopfuura hupenyu kwatiri. Tora hako hupenyu hwedu, asi haungatore Ichocho. Chii chiri kukwezva meso? Mwari, semazuva ose, ari kuzadzisa Shoko raKe. Ari kuzadzisa Shoko raZakaria zvakare, remuporofita Zakaria.

<sup>95</sup> Apo pandarava ndima 9 chinguva chapfuura, apo Jesu akapinda muTemberi yaKe, akatasva . . . kana kuti paakapinda Jerusarema, akatasva pakambongoro kadiki, kachena, chiporofita chakazadzikiswa chakarehwa naZakaria. Hechino Icho, “O farai kwazvo, imi vakunda veZioni. Pururudzi, imi vakunda veJerusarema. Tarira, Mambo wako anouya kwauri; NdiYe wakarurama, anouya noruponeso; muunyororo, akatasva pambongoro, uye pamhuru yembongoro.” Ndicho chaikwezva meso paJerusarema, pamuzinda wezvekunamata.

<sup>96</sup> Zvino tiri kuona chiitiko chezuva rokupedzisira! Ngatingozarurai mapeji mashomanana, munaZakaria, uye tigoona zvakataurwa pamusoro pazvo. Ngatizarurei zvino kuitira zvemazuva okupedzisira. Izvo zvaiva zvechizvarwa chepakati; ngatichivhurai zvemazuva okupedzisira. Zvino ngatizarurei kuna Zakaria, chitsauko 14, uye tichitangira pandima 4. Zvino teererai! Zvino ticharava tichidzika nechikamu cheGwaro, mavhesi angaite mapfumbamwe, kubva pana 4 kusvika 9. Nyatsotererai napadyo. Uye zviri kuporofita nezveKuuya kwaKe, mazuva okupedzisira. Nyatsoteeresai zvino. Iyi iZVANZI NAJEHOVA. Magwaro, Zakaria 14. Rangarirai Zakaria 9, zvaYakataura? Uye havana kuIcherechedza. Zvino zvakaita sei nhasi? Zakaria 14, ichtaura nezveKuuya kwaKe.

*Nezuva iro tsoka dzake dzichamira pagomo reMiorivi, zvakare, riri pamberi peJerusarema kurutivi rwamabvazuva, gomo reMiorivi richapamuka napakati zvichibva kumabvazuva zvichienda kumadokera, kuchavapo mupata mukuru kwazvo; . . . imwe hafu yegomo ichatsemukira kurutivi rwekumusoro, imwe hafu yaro . . . kurutivi rwezasi.*

*Muchatiza nomumipata wamakomo; nokuti mupata wamakomo uchandosvika paAzeri: zvirokwazvo, muchatiza, sezvamakatiza kundengendeka kwenyika pamazuva aUzia mambo waJudha: . . .*

<sup>97</sup> Kumwe kundengendeka kwenyika kuchitsemura nyika nokuizarura! Kana muchida kutevera Gwaro ipapa, cherechedzai ndima 5, iri kureva iyo kuti kupamuka kweGomo reMiorivi kunokonzereswa nokundengendeka kwenyika, izvi zvinosimbiswa naIsaya 29:6 naZvakazarurwa 16:9. Chaizvo chaizvo! Chii ichocho? Muporofita mumwe chete akataura

nezvekuuya kwaKe kwokutanga, akaona Kuuya kwaKe kwechipiri. Cherechedzai, “Semazuva okundengendeka.” Murikuona zviri kuitwa nokundengendeka kwenyika? Murikuona kufanotaurwa kwawo?

*. . . Ipapo JEHOVHA Mwari wako uchauya, navatsvene vose pamwe chete newe.*

*Zvino nezuva iro, (hareruya) zvino nezuva iro, chiedza chichashaikwa, zvinopenya zvichadzimwa:*

*Asi richava zuva rine. . . zuva rimwe rinozikanwa na JEHOVHA, hapangavi masikati, kana usiku: asi nenguva yemadekwana, chiedza chichavapo. (O Mwari!)*

<sup>98</sup> “Pachava neChiedza panguva yemanheru,” muporofita mumwe chete. Asi vanhu vakapofomara! Chiiko chiri kukwezva meso? Ngatingoravai mamwe mavhesi akati kuti.

*Zvino nezuva iro, mvura mhenyu zhinji ichabuda kubva muJerusarema; imwe hafu yayo ichagovera kugungwa rokumabvazuva, imwe hafu yacho. . . kugungwa rokumavirira: zvichaitwa pazhizha na. . . pachando. (Evhangeri ichaenda; zvole kumaJudha uye nokumarudzi avaHedheni.)*

*JEHOVHA uchava mambo we. . . nyika yose: nezuva iro, JEHOVHA uchava mumwe chete, nezita rake rimwe chete.*

Kuchava neChiedza panguva yemanheru,  
(ndizvo)

Nzira yoKubwinya muchanyatsoona;  
Nenzira yemvura ndicho Chiedza nhasi,  
Takavigwa muZita rakakosha raJesu.

Vaduku nevakuru, tendeukai zvivi zvenyu  
zvole,

Mweya Mutsvene zvirokwazvo uchapinda  
mukati;

Chiedza chamanheru chauya,  
Inyaya yechokwadi kuti Mwari naKristu  
Vamwe chete.

Maona here patave?

Nyika dziri kupamuka, Israeri iri kupepuka,  
Zviratidzo izvo vaporofita vedu vakafanoreva;  
(kundengendeka kuya kumarudzi  
echiHedheni muzuva rokupedzesera)

Mazuva emarudzi avaHedheni averengwa,  
zvinotyisa zvichidzivisa;

Dzokai, O imi makaparadzirwa, kune  
vekwenyu.

<sup>99</sup> Imi makakandirwa kunze, uye neareka idzi dzakatakurwa pangoro itsva, budai kubva ikoko rufu rwusati rwakurovai. Mwari akaZvisimbisa. Zvichava saizvozvo.

100 Ngatidzokei kune rumwe Rugwaro muTestamende Yakare, Maraki chitsauko 4, uye tigorava zvishomanane chitsauko 4.

*...Tarirai, zuva rinovuya, rinopisa sechoto; ipapo, vose vanozvikudza, ...navose vanoita zvakaipa, vachawa samashanga: ...*

101 Zvino, ino haisi . . . Yaiva Maraki 3, yaiva kuuya kwekutanga, zvino pano ndipo pane kuuya kunotevera. Kunyange Doctor Scofield pano, handitenderane navo zvachose pazvinyorwa zvavo zvapazasi apa, asi vakanyatsozvinanganisa kwazvo. “Kutumwa kwaJohane,” kuna Maraki 3; uye, “Kuuya kwechipiri kwaKristu,” uye Eriya achifanotanga auya. Ndizvozvoka.

*...vose vanozvikudza vachatsva, ndizvo zvinotaura JEHOVHA wehondo, uye rikasavasiyira mudzi kana davi. (Zvino gehena “reZiendanakuenda” riri papi zvino?)*

*Asi imi munoty zita rangu muchabudirwa neZuva rokururama rinokuporesa misangano yokupodza varwere, kuporesa pasi pamapapiro; . . . imi muchabuda, muchikura; semhuru dzomuchirugu.*

*Muchatsika vakaipa pasi; . . . nokuti vachawa madota pasi petsoka dzenyu nezuya iro randichaita izvozvo, ndizvo zvinotaura JEHOVHA wehondo.*

*Rangarirai. . . murairo waMosesi muranda wangu, wandakamuraira. . . paHorebhi wavaIsraeri vose, . . . izvo zvandakatema nezvandakaraira.*

102 Hekunoi kuuya kwaEria.

*Tarirai, ndichakutumirai muporofita Eria. . .*

103 Gwaro rokupfiga kweTestamende Yakare!

*...ndichakutumirai muporofita Eria zuva iro guru ra JEHOVHA rinotyisa risati rasvika:*

104 Zvino, iyeye haagona kuva Johane. Kwete. Maona, nyika haina kuzopiswa uye vakarurama kuzofamba pamusoro pevakaipa. Maona? Kwete, kwete.

*...zuva iro guru ra JEHOVHA rinotyisa risati rasvika:*

*Iye uchadzorera mwoyo yamadzibaba kuvana, nemwoyo yavana kumadzibaba avo, kuti ndirege kuvuya ndirove nyika nokutuka.*

105 Cherechedzai kunyatsonanga kune Mweya Mutsvene, kuitira kuti Chirege kupesanisa iko kuuya kuviri kwaEria. Maraki 3, yakati, “Tarira, Ndinotuma nhume yaNgu pamberi paNgu.” Jesu akabvunzwa pamusoro paJohane; Iye akati, “Kana muchizvigamuchira, ndiye iye uyo akanzi nevaporofta, ‘Ndichatuma nhume yaNgu pamberi paNgu.’ Ndiye uya Eria waifanira kuuya.” Maraki 3.

106 Cherechedzai Rugwaro rwunonyatsozvipa zvakananga. Tarisai kuti izvi . . . kuratidza . . . ivo vanoda kutenda, avo vanoda

kuona. Rangarirai, Jesu achimira pakati peGwaro, nokuti chikamu chimwe charo chakanga chatozadzikiswa kare, chimwe chacho ndechoKuuya kwaKe kwechipiri? “Kuti ndiparidze gore rengoni dzaJehovha, kuti ndirape vane mwoyo yakaputsika,” uye ndokumira; kwete “kuunza kutongwa pavaHedheni” kusvikira Kuuya kwaKe kwechipiri.

<sup>107</sup> Cherechedzai Rugwaro urwu rwunoenderana naizvozvo. “Uye iye, Eria, uchadzoreredza mwoyo yamadzibaba kuvana.” (Zvino tichitaura pamusoro paMaraki 4, kwete kuzvipesanisa, kana kuti waro Maraki 3.) Johane, Eria, uyo akauya mazuva ayo ekuuya kwaKristu kwokutanga asati asvika, ndokutendeudza mwoyo yamadzibaba vatana vakare kuenda kumharidzo yavana, mharidzo itsva.

<sup>108</sup> Zvino tarisai. “Uye mwoyo yavana kumadzibaba.” Mukuuya kwake kwechipiri, mumazuva okupedzesera, anodzosea kumadzibaba oKutenda kwechiapostori zvakare. Munoono here kuti Magwaro anopinda mumutsara zvakakwana seyi?

<sup>109</sup> Uko kwaiva kupera kweTestamende Yakare, Testamende Yakare. Zvino tinoona kuti pane Chiedza munguva yamanheru. Chii ichocho? Ndipo pamusoro, Gomo repamusoro peMutu.

<sup>110</sup> Sezvandataura mangwanani ano, tafamba tichiuya tichikwira nomumasangano, tichifuura (kwete muti wemuranjisi) sezvataurwa mangwanani ano, asi takava negirepifrutu, mandimu, neimwe mhando yakasiyana-siyana yakauya isina kufanana nepakutanga zvachose. Asi shure kwe...Musapotsa Izvi. Hezvo Zvouya. Shure kwekunge masangano ose auya, akanga asina Chiedza kubva pakutanga, pane zuva risinganzi masikati kana husiku.

<sup>111</sup> Vari kuitei? Vari kuitei? Ko rinoitei iro—iro ndimu rinotsvagei pamuti wemuranjisi? Rinotora hupenyu hwapamavambo hwemuranjisi huri kukwira rohutsveyamisa nemundimu. Ndizvo zvakaitwa namasangano kuShoko raMwari, kushaisa simba Shoko raMwari netsika dzavo. Iyoyo IZVANJI NEMWEYA WAJEHOVHA. Vakabereka mandimu, magirepifrutu, kwete maranjisi.

<sup>112</sup> Asi ko muporofita akati kudini? Mumwe chete ataura pachidzidzo chedu manheru ano, “Farai, O vakunda veJerusarema, daidzirai neruzha, vakunda veZioni, nokuti Mambo wenyu unouya kwamuri, wakazvinipisa uye nounyoro, akagara pamhuru yembongoro,” cherechedzai muporofita mumwe chete akati, “Pachasvika nguva yokuibva.” Zuva rinotumirwa panyika kuti riibvise muchero. Seiko pasina kungova nokuibva? Pakanga pasina muchero wacho wokuti uibve. Asi Hupenyu huchiri kufamba rwendo.

<sup>113</sup> Hwakauya nomugirepifrutu, kuti uve muranjisi, ndokuona kuti hwakaita sangano; hwakava girepifrutu. Hwakaenda zvakare, hwakabuda nguva iyoyo sendimu. Hukaenda zvakare,

ndokushanduka kuva chimwewo chinhu. Zvino pakupedzesera, pamusoro pemuti, hwakashanduka kuva tanjero, rinova hafu yeranjisi, nehafu yendimu; muchero wemasanganiswa, chinhu chakatsveyamiswa; chasvika pakutsveyamiswa, chichiraramiswa nemuti mumwe chetewo; chikwande, “potse potse zvaigona kunyengera Vasanangurwa.” Rinoita seranjisi, asi harisi.

114 “Asi kuchava neChiedza,” kana uchinge wakura kupfuura sangano. Kana uchinge wabuda kunze kwesangano, unotanga zvakare kuchitungira, unobereka maranjisi sezvawakaita paakapinda muvhu, uye zvadaropachava neChiedza.

115 Chiiko chiri kukwezva; chiiko chiri kuitika? Kuzadzikisa Shoko raMwari. Pane zvapupu zviviri zveTestamende Yakare, zvakati izvi zvichaitika.

116 Ngatitore Johane 14:12, muTestamende Itsva, Jesu akati.

*...Unotenda Mandiri, mabasa andinoita iye uchaaitawo;...*

117 Zvakarewo, munaRuka 17:22 kusvika 30, iYe akati.

Sezvazvakanga zvakaita mumazuva aRoti, Sodhoma isati, yapiswa, ndizvo zvazvichaitavo pakudzoka kweMwanakomana wemunhu, *nezuwa iro Mwanakomana womunhu paachazarurwa.*

118 Oh, chingotarisa paMagwaro! “Mwanakomana wemunhu,” Jesu Kristu mumwe chete yezero, nanhasi, nokusingaperi, kukura kupfuura masangano, kukura kusvika pamusoro peMuti. Akati kudini munaJohane 14, kana kuti 15? “Davi rimwe nerimwe riri maNdiri, risingabereki zvibereko, rinobviswa uye rinodimurwa, rigokandirwa mumoto nokupiswa. Asi davi rimwe nerimwe rinobereka zvibereko, richanatswa.”

119 O, pachave nemvura dzechokwadi dzokutanga nemvura dzinotevera mumazuva okupedzesera pamusoro pekaboka kaduku kanouya naYe ari pakambongoro kaduku, kanyoro kakazvininipisa, pasina mbong-...kana kuti sangano, vachidanidzira, “Hosana kuna Mambo anouya neZita raIshe!” Chii chiri kuitika nhasi? Chii chiri kukwezva meso pagomo?

120 Nguva shoma yapfuura, ndakamira papurupiti pano, zvakataurwa neMweya Mutsvene, “Zuva richasvika apo vacharovera hoko pamberi pemba yako; vachabvisa suwo rako. Saka, zvino, uchangozvinyenyeredza, usagumbuke.” Ndakaona suwo rangu richipamurwa uye rakaradzikwa munyasi megomo. Ndakaona kakomo kepamberi pangu, kakacherwa-cherwa, mapuranga nezvakadaropachava zvapakwanywa-pwanywa. Iye akati...

Ndakatarisa, uye heunoi Ricky muduku akanga auya ipapo ndokuwisira pasi nokubvisa suwo iri, nokuita izvozvo. Ndakati, “Ko Seiko musina kumbonditaurirawo?” Akabva

ava kundichenamira, zvino ndakabva ndamurova. Zvino pazvakaitika, ndakati, “Handina kumboita zvakadaro kubva pandakabuda munhandare yemutambo wetsiva, asi ndiri kuda kuti ungoziva,” zvino ndakabva ndamuwatsura chimwe chete. Zvino pandakamuwisira pasi, ndakamusimudza zvakare ndokumurova ndokumuwisira pasi zvakare. Ndakamusimudza, katatu kana kana, ndokumuwisira seri kwegomo. Saka naizvozvo ndakaenda ikoko, uye ndikati, “Izvozvo hazvina kunaka.” Zvino ndakamusimudza ndokukwazisa maoko ake, ndikati, “Handina kukutsamwira, asi ndiri kuda kuti ungoziva kuti haufanire kutaura kwandiri nenzira yakadaro.”

Uye zvino pandakacheuka ndokudzoka, Mweya Mutsvene wakanga wakamira pasuwo, ukati, “Zvino nyenyeredza izvi. Kana hoko yaroverwa pasi, nanga kumadokero.”

Bhuku iri, ndiro zvose zvandinoda,  
 Bhuku iri iRairo yakanaka,  
 Nzira inoratidza kunyenyeredza  
 matambudziko angu. Amen!

<sup>121</sup> Uye Bhuku iroro iShoko, uye Shoko iroro ndiMwari. Nyenyeredza matambudziko ako, Rinokutaurira zvekuita.

<sup>122</sup> Makore matatu apfuura ndakanzwa shamwari yangu, savheya weguta, anogara pazasi penzira imwe chete neni, achirovera hoko pasi. Ndakabuda ndokuenda kunze ikoko uye ndikati, “Ko zvaita sei, Mud?” Mwanakomana waVaKing, shamwari yangu ini pachangu.

Akati, “Billy, vari kuzokudza kupamhama kwenzira ino iyi.”

<sup>123</sup> Mose munozvirangarira. Ndakati, “Dzimwe nguva ibhiriji.” Ndakaudza Hama Wood, Ndikati, “Chengetai yadhi yenyu. Dzimwe nguva bhirihi richazopfuura nepano, kana zvakadaro.” Nzira yakapamurwa; zvidhina, matombo, zvakakandirwa kwese-kwese. Saka iye akati. . . ndakati, “Chengetedza yadhi yako.” Zvino pandaka. . .

VaKing vakandiudza zvaizotika.

<sup>124</sup> Ndakapinda mumba, ndikati kumudzimai wangu agere apo, “Mudiwa, pane chimwe chinhu chakanyorwa pamusoro paizvozvo. IZVANZI NAJEHOVA, pane imwe nzvimbo.”

<sup>125</sup> Ndakapinda mukati ndokutora bhuku rangu, ndakatarisa mukati maro, uye rakati, “Zvino zvichazoitika kuti. . .” Shure kwemakore masere!

<sup>126</sup> Zvino pandakazvitarisa, ndakati, “Nguva yakwana zvino, mudiwa, tinofanira kunanga kumadokero.”

<sup>127</sup> Mumazuva maviri shure kwaizvozvo, ndakamira mumba dzingaite kuma ten o'clock mamwe mangwanani, ndakapinda muMweya waMwari. Ndakaona kachipoka kaduku kenjiva dzaibhururuka, ndokutarisa kwadziri shiri duku. Munozvirangarira. Ndakaona Ngirozi nomwe dziri muchimiro

chepiramidhi, dzichiuuya dzichimhanyira kuuya kwandiri. Zvikanzi, “Tendeukira kumadokero, enda kuTucson, uchange uri mamaera makumi mana kuchamhembe kwakadziva kumabvazuva. Uye uchange uchibvisa tsine,” kana kuti chaguduma, zvavanochidana ikoko, “kubva pambatya dzako.”

<sup>128</sup> Hama Fred Sothman, vakagara apo vakanditarisa iye zvino, vakanga varipo mangwanani iwayo. Ndanga ndakanganwa nezvazvo.

<sup>129</sup> Ndakati, “Kutinhira kwakavapo sekundengendeka kwenyika, kwakazunguza potse potse zvose zvaiva munyika. Handingagone kuona kuti munhu angararame sei shure kwaizvozvo.” Ndakatya. Ndakamira paPhoenix, imi mose makateerera manheru ano munondipupurira. Ndakaparidza mharidzo, *Madzichangamire, Ko Yava Nguva Ipi?* “Tave papi?” Ndakaenda kumadokero. Vazhinji vanga vari pano makawana tepi iyoyo, vazhinji makanzwa zvichitaurwa, gore kana kupfuura zvisati zvaitika.

<sup>130</sup> Ndakaenda kuMadokero, ndichinetsekana kuti chii chaizoitika. Rimwe zuva ndakadanwa naShe. Ndakaudza mudzimai wangu, ndakati, “Mudiwa, nda . . . dzimwe nguva basa rangu rapera.” Ndakanga ndisingazive. Ndakati, “Ini . . . Mwari, Mwari dzimwe nguva mapedza nezvangu zvino uye ndichange ndava kuenda Kumusha. Enda unorangana naBilly, tora vana. Mwari achakugadzirirai nzira, nemamwe maitiro. Endererai mberi raramai makatendeka kuna Mwari. Onai kuti vana vaenderera mberi nokupedza chikoro, varerei nokuvayarutsa murairo yaMwari.”

Mudzimai akati, “Bill, hauzi—hauzive kuti ichokwadi here.”

Ndakati, “Kwete. Hapana munhu angararame shure kwaizvozviya.”

<sup>131</sup> Mamwe mangwanani Ishe vakandimutsa, vakati, “Enda unokwira uko kuSabino Canyon.” Ndakatora kapepa neBhaibheri rangu.

Mudzimai akati, “Ko uri kuenda kupi?”

Ndakati, “Handizive. Ndichakutaurira kana ndadzoka.”

<sup>132</sup> Ndakanokwira mumakomo, ndokunokwira kumusoro uko kwaiva nezvapungu zvaibhururuka zvichitenderera. Ndainge ndava kutarisa dzimwe nhoru dzakanga dzimirepo. Ndakapfugama pasi kuti ndinamate, uye ndokusimudza maoko angu mudenga, zvino Munondo wakarova ruoko rwangu. Ndakatarisa-tarisa. Ndokufunga, “Chii ichocho? Pfungwa dzangu hadzina kurasika. Heunoi Munondo uyu muruoko rwangu; uchipenya, uchivaima, uchibwinya mukati mezuva.” Ndikati, “Zvino, hakuna vanhu vari pedyo neni mamaera kubva pandiri, kumusoro-soro kuno kugomo rino. Ko ungodai wabvepi?”

Ndakanzwa Inzwi, richiti, “Uyu Munondo waMambo.”

Ndikati, “Mambo anogadza munhu nemunondo.”

<sup>133</sup> Iye, Inzwi, rakadzoka, rikati, “Kwete munondo wamambo muduku, asi, ‘Munondo waMambo Mukuru,’ iro Shoko raIshe.” Akati, “Usatya. Uku ndiko Kudhonzwa kweChitatu. Ndiko kusimbiswa kweshumiro yako.”

<sup>134</sup> Ndakanga ndichienda kunovhima neshamwari, ndisingazive zvakanga zvizhazoitika.

Uye mumwe munhu akandidana, iye uya akambonditorsopodza pamusoro pemufananidzo weNgirozi yaJehovah, iye akautora. Ndaifanira kuenda kuHouston nokuda kwemwanakomana wake, nokuti akanga atongerwa rufu uye aizouraiwa mushure memazuva mashoma. Zvino akasangana neni imomo ndokundikandira maoko pandiri achindimbundira, akati, “Pafungei, iye murume wandakatsoropodza ndiye auya kuzoponesa mwanakomana wangu oga!” Boka rinoona nezvemagariro akarurama pavanhu rakandipa remekedzo yavanoti Oscar, kana kuti chingava chii chavanotaura, nokuda kwekuponesa hupenyu.

<sup>135</sup> Zvino takadzokera, ndakakwira gomo kuti ndinovhima. Ikoko, Hama Fred neni, mamwe mangwanani patakafamba kubuda, uye nda—ndainge ndatowana nguruve yangu yomusango kare, uye ndokutarisa ndokuona panzvimbo padzakange dzaenda. Ndakati, “Hama Fred, endai mhiri uko pane gomo iro mangwana rungwanangwana zvino, panotanga zuva, uye ini ndichaenda kune rimwe racho. Handizopfuri pane nguruve yemusango iyoyo, handiurayi. Asi dzikatanga kuuya dzakananga nekuno, boka iroro, ndichazopfura mberi kwadzo ndodzidzosea kwadzabva.”

<sup>136</sup> Hama Fred vakaenda ikoko zvino nguruve idzi dzakanga dzisiko. Vakandisimudzira ruoko ndokubva ndaona. Ndakadzika negomo, mipata mikuru, zuva rakanga richibuda. Ndakanga ndichipoteredza norumwe rutivi rwegomo, pasina chandaifunga pamusoro pezvivorofita. Ndakagara pasi, ndakamirira, ndichizorora; ndokufunga, “Chii chaitika kunguruve dziya?”

<sup>137</sup> Ndakasimudza...Ndokugara pasi sezvinoita vechiIndia, munoziva, ndakapfunya chisero. Ndakatarisa pagumbo rehovorosi yangu, zvino pakange paine tsine. Ndaikabvisa. Uye ndikati, “Izvi zvinoshamisa! Hezvinoi ndiri pano, mamaera angaite makumi mana kuchamhembe kwakadziva kumabvazuva kweTucson. Hekanoyi kakomana kangu Joseph kagere apo kakandimirira.” Zvino pandakatanga kutarisa, uye ndokuona danga renguruve dzemusango dzichibuda dziri chinhambwe chingaita mayadhi chiuru kubva pandaive, pamusoro pegomo, ndakakandira tsine pasi. Ndikati, “Ndichadzibata. Ndichaenda ndinotora Hama Fred, uye ndicharembedza kachimedu kepepa



kuti ndizivise nzira yokuenda nayo, pachikwenzi chemugwenga ichi pano, zvino tichazoono Hama Fred.”

138 Zvino ndakatanga kukwira gomo, ndichimhanya chaizvo sezvandaikwanisa nokune rimwe divi. Pakare-pakare, ndakafunga kuti mumwe munhu andipfura. Handisati ndakambonzwa kutinhira kwakadaro; zvakazunguza nyika yose. Uye, pazvakaitika, mberi kwangu ndakaona kwakamira Ngirozi nomwe dzakaita chisumbu.

139 Ndakazosangana naHama Fred navamwe, shure kwaizvozvo. Vakati, “Changa chiri chii?”

Ndikati, “Zvanga zviri izvozvo.”

“Zvino muchaita seyi?”

140 “Dzokera kumba. Nokuti, ZVANZI NAJEHOVHA, zvakavanzika zvinomwe zvainge zvakavanzwa muBhaibheri makore ose aya, masangano aya nezvose, Mwari vari kuzozarwa zvakavanzika zvinomwe izvi kwatiri muZvisimbiso Zvinomwe.”

141 Pakanga paine denderedzwa riya richisimuka kubva panyika, semhute ichiumbika. PaChakadaro, Chakakwira nomugomo, ndokutanga kutenderera nechekumadokero, nenzira yaChakabva nayo. Vezvesainzi vakazoZviziva shure kwekanguva, chakareba kuenda mudenga mamaera makumi matatu uye chakapamhama mamaera makumi mairi nemashanu, chakanyatsoita denderedzwa rePiramidhi.

142 Zvino rimwe zuva rapfuura, ndakamirapo, ndakatendeudza mufananidzo kurudyi, zvino heunoi Jesu sezvaAive muMazera Manomwe eKereke, wigi chena yaakapfeka, kuratidza Humwari hwePamusoro. Ndiye Arufa naOmega; Ndiye Wokutanga noWokupedzisira; Ndiye Mutongi Mukuru weZiendanakuenda rose, akamira ipapo kuzosimbisa Mharidzo yenguva ino. Pachava neChiedza panguva yemanheru! Ko zvese izvozvi Chiiko? Chakanga chiri chiiko?

143 Ndakaenda kumadokero. Pagomo rimwe chetero, ndichipfuura nepo ndiina Banks Wood ipapo, ndakanzi, “Kandira dombo muchadenga. Iti kuna VaWood, ‘ZVANZI NAJEHOVHA, muchaona Kubwinya kwaMwari.’”

144 Zuva rakatevera chairu, ndakamira ipapo, chamupupuri chakaburuka uye ndokupamura nokucheka makomo. Matombo ndokucheka miti nechepamusoro payo, mafiti angaite matatu kana mana nechepamusoro pemusoro wangu. Ndokuita kutinhira kukuru katatu, uye hama dzakauya dzichimhanya. Pakanga paine varume vangaite gumi nevashanu vakamira ipapo, vaparidzi nevamwewo vose. “Chiiko ichocho?” Iye akati, “Changa chiri chii?”

Ndikati, “Kutonga kuri kurova Mahombekombe ekuMadokero.”

145 Mazuva angaite maviri shure kwaizvozvo, kudengendeka kwenyika kwakapotsa kwanyin'udza Alaska. Ndechipiko Chiedza ichi pamusoro peGomo reSunset muSango reCoronado rekuArizona? Chiiko ichi chinhu chinoshamisa chakaitika pamusoro apo, zvekutoti vanhu vanga vachityaira mabvazuva vachibva madokero, vachinhonga mabwe matombo akapararira ipapo paChakarova? Uye rimwe nerimwe rawo, rimwe nerimwe remabwe, rine makona matatu pariri, aChakaparura. (Vatatu ndeMumwe.) Ari pamatafura, nezviyero zvemapepa, nyika yose. Ndechipiko chinhu ichi chinoshamisa pamusoro peGomo reSunset riri muSango reCoronado?

146 Junior Jackson akateerera izvozvi, munoyeuka muchiroto chaakave nacho chandakadudzira, “Kuenda ndakananga kumavira zuva”? Uyewo izvi zvakaitika paGomo “reMavirazuva”. Yava nguva yamanheru, nguva yekudoka kwezuva. Mharidzo yekudoka kwezuva kubudikidza nekudoka kwenhoroono, kudoka kwechiporofita, waro, chichizadzikiswa. Uye pachava neChiedza panguva dzemadekwana, paGomo reSunset muCoronado Forest, mamaera makumi mana nechekuchamhembe kweTucson. Tarisai pamepu muone kuti Sunset Peak iripo here. Ndipo chaipo pazvakaitikira. Handina kumbenge ndazviziva dzamara rimwe zuva rapfuura.

147 Chinhu chose... Chisingazofa. Chinoramba Chichizvibhedhenura. Kubvira pachinhu chichiitika, kusvika pamufananidzo anova Jesu akamira akatitarisa; uyezve zvino chaizvo chaizvo paGomo reMavirazuva, neChiedza chemanheru. Chiedza chemanheru chakauya, Mwari vachiZvisimbisa. Chiiko ichocho? Inyaya dzakasimbiswa dzokuti Mwari naKristu vamwe chete. “Chichena,” vangani vakachiona, wigi chena pamusoro paKe, sezvatakataura munaZvakazarurwa 1? Tarisai, Humwari hwePamusoro, Masimba aPamusoro-soro; hapanazve rimwe izwi, hapanazve mumwe Mwari, hapana chimwe hapana! “MaAri ndimo munogara huzaro hweHumwari mumutumbi.” Ngirozi pachaDzo ndidzo dzaive wigi yaKe. Amen.

148 Chii chakaitika paGomo reSunset? Mwari vachisimbisa Shoko raVo. Ndicho chikonzero cheruzha rwose urwu. Cherechedzai, ndiMwari vari kuzadzikisa Shoko raVo revimbiso zvakare, yaZvakazarurwa 10:1 kusvika pana 7, “Zvino nemazuva ekuridzwa kweMharidzo yemutumwa wechinomwe, chakavanzika chaMwari chichapedziswa.” Chakavanzika chakavanzwa chaZvakazarurwa 10:1 kusvika pana 7, Mharidzo yokupedzisira kuzera rekereke rekupedzisira. Inonyatsoadzisa chaizvozvo, muzera rino, Mutsvene Ruka 17:30, “Muzuva iro Mwanakomana womunhu achaonekwa narō.”

149 “Uye kuchasimuka vaporofita venhema navanaKristu venhema, vachiratidza zvishamiso zvikuru nezviratidzo, zvokuti zvaizonyengera Vasanangurwa dai zvaikwanisika.” Vanhu

vachiri kungopokana. Uyezve, samazuva ose, chechi ichiri kungopokanawo.

<sup>150</sup> Uye vezvesainzi, muTucson yose nazvino, vari kunyora nhaurwa vachiisa mumapepa. Shure seri uko kuGomo reLemmon, iyo michina mihombe yekutora mifananidzo haina kuChiona chichisimuka chichikwira kubva patanga takamira; chichifamba chakananga kuMadokero, kuratidza kuti nguva yapera. Haichakwanisa kuenderera mberi asi kachikamu kaduku ipapo; yava kuMahombekombe eKumadokero. Kutonga kwakarova nenzira chaiyo kwachakaenda nako. Chichienda napamusoro pePheonix uye nokuyambuka, kuenda kuPrescott uye nokumakomo ekuMahombekombe eKumadokero, zvichienda nokukwira kusvika...Dzaienda kupi? Kunyatsokwira kusvika kuAlaska, uye zviri kutinhira, zvakananga ikoko chaiko.

<sup>151</sup> Uye nhare dzevanoongorora zvemuchadenga navose vari muTucson vachiri kungobvunza, vaongorori vezvesainzi vari kuedza kuti vaone kuti chii ichocho. Chakanyanya kuenda mudenga zvekuti hakungaite mhute, makore, pasingaite kana chii zvacho mudenga imomo. “Chii chakazviita? Ko zviri papi?” Vari kungokatyamadzwa neDenderedzwa rechemweya iroro rakaremba muchadenga sezvakamboita apo vaNzveri venyeredzi vakauya vachitevera Nyeredzi, vachiti, “Aripiko Iye aberekwa Mambo wamaJudha?” Chaiva chiiko? Mwari achizadzikisa Shoko raKe, “Zvino kuchasimuka nyeredzi kubva munaJakobho.”

<sup>152</sup> Zvino Mwari weDenga akavimbisa kuti nguva yamanheru kuchauya zvienda zvamanheru. Makore matatu apfuura chakavanzika ichi chakanga chiri chiporofita, “Yava nguva ipiko, Changamire?” Asi iye zvino chava nhoroondo. Zvatopfuura. Vimbiso yakazadziwa. Dzava nguvaiko, Changamire, uye chii chiri kukwezva meso? Mwari ari kuzadzikisa Shoko raKe! Iye ndiye mumwe chete yezero, nhasi, nokusingapere.

Ngatinamatei.

<sup>153</sup> Mwari Vanodikana, ndabata vanhu kwenguva yakareba, yakareba kupfuura zvandanga ndaronga. Ndinonamata, Mwari, kuti chimwe chinhu chataurwa kana kuti chaitwa chichakonzera kuti vanhu vari kunze nekwose kuti vanzwisise. Uye kuti nokuona nokunzwisisa vagotenda kuti iMi muri Kristu weChokwadi, uye kuti Mashoko ari kusimbiswa ndiko kusimbiswa kweShoko raKe kuti rakakwana uye kuti riri kuzadzikiswa mumwaka waRo.

<sup>154</sup> Zvino, Ishe Jesu, kubva muMashoko eNyu chaiwo, Makati nyika ichange iri muchinhanho cheSodhoma. Tinozviziva izvozvo, tinokwanisa kuzviona. Uye iMi makati, nezuva iroro, “Sezvazvaive zvakaita muSodhoma.” Paiva nevatumwa vatatu

vakatumirwa kunyika yavaHedheni neyavaHebheru. Uye mumwe chete wavo, akanga ari Mwari pachaKe, Mwanakomana wemunhu, achiZviratidza ari mumutumbi wemunhu uye akaita chishamiso, zvokuti akataurira Abrahamama zvaitwa naSara seri kwaKe mukati metende.

<sup>155</sup> Makati zvichadzokorora zvakare apo nyika yose yavaHedheni ichange iri muchinhanho cheSodhoma. Uye tava pano, Ishe. Zvimwe zviporofita zviri kusimbisa chinhu chimwe chete, chokutumira Eria mumazuva okupedzisera, Mweya waEria panyika, kuunza mwoyo yemadzibaba, kana kuti, “yevana kudzosea kumadzibaba.” Uye ndinonamata, Mwari, panguva ino kuti Muchisimbisa Shoko reNyu, kuti Muri mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Zvigovereyi, Baba. NdeveNyu vose. Ndinonamata kuti Muchitipa maropafadzo aya uye nokusimbisa zvataurwa, kuitira Kubwinya kwaMwari. NemuZita raJesu Kristu. Amen.

<sup>156</sup> Kutaura shoko, munhu; kusimbisa shoko, ndiMwari. Kutaura chinhu, chimwe chinhu; Mwari kuti vazviite, chimwe chinhuwo. Mwari havadi mududziri; VanoZvidudzira Voga.

<sup>157</sup> Zvino tava kugadzirira kuva nomutsara, wokunamatira vanorwara, Mwari vachitendera. Uye tinoziva kuti hapana kana, hapana murume, hapana mudzimai, hapana munhu, hapana ngirozi, inokwanisa kukupodza, nokuti Mwari vakatozviita kare. Vakatoita gadziro, chinhu chete chaunofanira kuita kuzvigamuchira.

<sup>158</sup> Hakuna munhu, hakuna ngirozi, hapana chiripo, kunyange Mwari pachaKe, haakwanise kukuregerera zvivi zvako. Zvakatoitwa kare. Jesu wakazviita paMuchinjikwa. Asi hazvimbofa zvakakubatsira iwe, kana chii, kana kukubatsira chinhu, kutosvikira iwe wazvigamuchira. Maona?

<sup>159</sup> Chinhu chete chinogona kuitwa, mirairo yakapihwa naMwari, kuvatendi kuti vaise maoko pavarwere. Izvi zvakavepo mukati mezvizvarwa zvemazera, vakazviita izvozvo murumutsiriro. Uye vakazviti, “Mwari.”

<sup>160</sup> Abrahamama akaona zviratidzo zvakawanda. Asi pakazosvika nguva apo Abrahamama akaona chiratidzo chake chokupedzisera, Sodhoma isati yapiswa, akanga ari Mwari Achizviratidza mumutumbi wemunhu. Munozvitenda here izvozvo? Ko Jesu akataura here kuti zvichadzokorodzwa?

<sup>161</sup> Zvino, vangani muno...uye kunze kumaredhiyo, kana kuti kunze kudzinhare munyika yose, kana uchiri kuteerera, chigadzirira zvino munamato, iva pamunamato, uye nemi mune machira ari pano. Zvino, handingagone kuudza Mwari zvokuita. Kwete, ngazvive kure neni kunyange kuda kuzviedza. Anozvitonga; Anoita zvaAnoda. Ndinokwanisa chete kuteerera uye nokungotaura zvaAnotaura.

162 Uye zvino vakamira vakakomberedza madziro, vakazara muno, makamanikidzana. Handizive kana tikagona kubvunza Mwari nemashoko aya, “Ko kukwezva meso uku chiiko?” Kana Mwari akafamba pakati pedu zvakare (panogona kunge paine vaenzi pano), agofamba pakati pedu uye oratidza chiso chaKe chakaropafadzwa pakati pedu, agoratidza kuti Mweya waKe uri pano, kuratidza kuti Iye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, kuti mumwe nemumwe wedu (shure kweMharidzo mbiri idzi dzakasimba) tinogona kutenda kuti ndizvozvo? Munokwanisa kuzviita here? Zvose zvakanaka.

163 Pane kuti ndidaidzire mutsara wekunamatira vanhu, zvino; kupisa, kumanikidzana, kumira pamadziro. Ndinotarisa kurutivi *ururu*, kuti ndidanire mutsara wangu wokunamatira vanhu, haukwanise kuzviita; ndichatarisa, ndakamira ipapa. Ndoudanira *nokuku* here? Varwere venyu, nhovo, nezvimwe zvose, vavete; hamungagone kuzviita. Saka chingogara muri pamuri, uye tendai muna Mwari. Kana uine kadhi rokunamatirwa, ingoribata, zvinenge zvakanaka. Tichasvika kwauri kana uchida kuuya nemutsara. Asi hausungirwe kuuya nemutsara.

164 Ivo VaShepherd, nemusi weSvondo wapfuura manheru, havana kumbouya nomumutsara upi zvawo. Handi—Handifungi kuti vakange vaine kadhi rokunamatirwa. Ko VaShepherd vari pano here manheru ano? Vari kupi? Vari pano here? Vari kumashure. Makauya muine kadhi rokunamatirwa here, VaShepherd? Makanga musina? Vakanga vasina. Izvo vagere ipo pano zvakare, manheru ano. Inzvimbo yakanaka yokuva pairi, Hama Shepherd.

165 Kwete kuti unongofanira kuvapo, asi kungova nokutenda. Nokuti, rangarira, kamudzimai kadiki kakabata hanzu yaKe Iye akazvinzwa. Uye Iye ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Uye tsamba kuvaHebheru, muTestamende Itsva, yakati Iye ndiye Muprisita Mukuru manheru ano anokwanisa “kubatwa nokunzwira kwouterwa hwako.” Unozvitenda here izvozvo? Iva nokutenda zvino! Usapokana Izvozvo. Zvitende, uye zvichaitika. Unokwanisa kuwana zvawa—izvo zvawakumbira, kana ukagona kuZvitenda. Asi unofanira kuZvitenda. UngaZviite here? Mese muchaZvitenda here? Vangani vachaZvitenda iye zvino? Mwari vakuropafadzei.

166 Handizivi kuti uyu ndiyani uyu ndiyani. Hapana mumwe chete wenyu wandinoziva. Harisi basa rangu kuziva mumwe nomumwe wenyu. Ibasa raMwari kuziva zvinhu izvi. Asi Achazviita kana mukaZvitenda. MuchaZvitenda here zvino?

167 Zvino, Mwari vanoDikanwa, zvirokwazvo hatisi boka raMakristu emasanganiswa, hatifanire kuva vakadaro, mumwe munhu anofanira kubhabhadzirwa nokunyengererwa sakacheche. Hamuna mhando yakadaro, Ishe. Mune vatendi

vakakwasharara. Huvepo chaihwo hwaMwari hunotungidza moto mumwoyo wemunhu. SaAbrahama, wakatenda munaMwari. MakaZvizivisa kwaari, zvino Makazozviratidza kwaari mukaita chiratidzo, uye iye akatenda maMuri. Makashandura mutumbi wake kuva mujaya zvakare, nemudzimai wakewo, anova, mudzimai wake waiva chikamu chemutumbi wake pachake. Zvino pakazouya mwana mutsva, mwanakomana akavimbiswa.

<sup>168</sup> Mwari, Makavimbisa kuti zvichange zviri zvimwe chete muzuva rino. Ndinonamata kuti Musimbise Shoko iri. Uye tichashanda ipapo chaipo pavimbiso imwe chete, yokuti zvichange zvakaita sezvazvaive muSodhoma, Sodhoma isati yapiswa uye kutonga kwarova Sodhoma, nyika yavaHedheni. Saka kutonga kwagadzirira kurova nyika yavaHedheni, uye maJudha achiine mamwe makore matatu nechidimbu munguva yeMatambudziko makuru, matambudziko aJakobho, kuenderera mberi kwemavhiki makumi manomwe aDhanieri. Asi, vaHedheni vaverengwa, yakwana nguva yokuenda. Uye Makapa chiratidzo ichocho, uye Makati chichauya zvakare. Tipeiwo, Mwari. Ivo, tiri mumaoko eNyu, itai nesu sezvaMunoona zvakafanira. NemuZita raJesu Kristu. Amenii.

<sup>169</sup> Zvino regai kusagadzikana. Ko zvaiita sei dai ndaisagadzikana? Zvino, ndiri kuita chinhu pano chokuti chinofanira kuzembera pakuzvitonga kwaMwari. Asi sei ndichiita izvozvo? Akati zvaizovapo. Zvatopera. Uye kana Iye Akazviita izvozvo, kuzvisimbisa saizvozvo pamberi penyu, zvino, hamungatenda maAri here? Zvirokwazvo. Imi chingovai nokutenda zvino uye tendai.

Regai ndimboti tarisei tarisei, ndione kuti Mweya Mutsvene unotungamira kupi, kuti chii chaAchaita. Handizive zvaAchaita, izvozvo zviri kwaAri. Asi kana mukangova nokutenda, tendai chete, “Zvinhu zvose zvinogoneka kune avo vanotenda.” Mose munozvitenda here, simudzai maoko enyu uye mugoti, “Ndinozvitenda Izvi.” [Vungano inoti, “Ndinozvitenda Izvi.”—Mupepeti.] Nemoyo wangu wese, ndinoZvitenda.

<sup>170</sup> Zvino zvitatu zvichava kusimbiswa, kana Akazviita katatu zvichitevedzana, kuratidza kwamuri kuti Ndezvechokwadi. Handina basa kuti uri papi, kana kuti ndiwe ani, iwe chingova nokutenda uye tenda. Zvino, musa—musatenderere-tenderere. Kuno *uku*.

<sup>171</sup> Amai, muri kunamata, handikuzivei. Ingogarai pamuri ipapo; hamufanire kuuya. Handikuzivei, asi makabata kasikana kaduku muruoko rwenyu, kana kuti pamakumbo penyu. Ndiri munhu asingazivane nemi zvachose. Kasikana kaduku kanoita sekasina zvinonetsa, anoratidzika zvakanaka. Kasikana kaduku kakanaka pachiso, kasikana kaduku kane bvudzi dzvuku. Ndakamutarisa, haataridzike sokunge akaremara kana

chimwe chinhu. Handizivi kuti chii chakakanganisika paari. Chinogona kunge chisiri pamwana iyeye; pamwe zviri pamuri. Asi ini ndangokuonai makagara ipapo nemwana iyeye, uye muchinamata. Ndinofanira kutaura nemi kweminiti, kubata mweya wenyu, sezvakataurwa naJesu kumudzimai, “Ndipeiwo mvura yokunwa,” maona, kungonzvera—kungonzvera munhu mumwe chete. Hama Bryant uye navamwe vakagara muno, ndinoziva vanhu ava vakagara muno. Vanogona kunge vaine chavanodawo, zvakare, asi imi muri muenzi wandisingazivi.

<sup>172</sup> Munonditenda here kuti ndiri muporofita waMwari? Munotenda here kuti izvo zvinhu zvamanzwa manheru ano iChokwadi? Zvino, kana Mwari vakaratidza kwandiri chimwe chinhu chamakaita, kana chimwe chinhu chamaisafanira kunge makaita, kana chimwe chinhu chakakanganisika pamuri, kana icho chamuri kuda, munozoziva kuti ichokwadi here kana kwete. Hamungadaro here? Uye kana Iye akaita izvozvo, zvichasimbisa Shoko raKe here kuti Iye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, uye kuti Mutsvene Ruka 17:30 iri kuratidzwa? MunoZvitenda here?

<sup>173</sup> Zvino, mudzimai asimudza ruoko rwake kuti hatizivane. Ini handikuzivei, asi ndiri kuedza kubata Mweya wake, munhu mumwe chete. Pane vazhinji venyu vari kudhonzwa. Zvino, imi tendai izvi nomwoyo wenyu wose.

Zvino, zviri pakasikana kaduku. Kwete iwe. Munohuta-huta, asi haisi nyaya yokuhuta-huta iri kukunetsai. Nyaya huru iri kukunetsai inyaya yakasikana kaduku ako. Zvino munotenda here kuti Mwari vanogona kundiudza kuti chii ichocho? Munozvitenda here? Zvingakubatsirei here, muchazotenda here? Kukuvara paupopi. Ndizvoka? Zvino chiisai ruoko rwenyu pamusoro wemwana muduku, ruoko rwenyu.

<sup>174</sup> Mwari vanoDikanwa, Makati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Vachaisa maoko avo pamusoro pevarwere, uye vachapora.” Mudzimai uyu mutendi. Ruoko rwake rwuri pamwana. Dai akapora. NemuZita raJesu Kristu, ndinoisa munamato uyu. Amen.

<sup>175</sup> Zvino munotenda here, mose henyu? Kana mukatenda, zvinhu zvose zvinogoneka. Zviro kwazvo!

<sup>176</sup> Ndinoziva mudzimai agere pedyo navo, asi akanyatsotarisa kuno zvakaperera. Handigone kudana zita ravo, asi ndi. . . Kana ndikatarisa kweminiti, ndinganzoziva. Asi ndinoziva mudzimai uyu nechiso, asi handizive dambudziko rako. Munotenda Ini. . . Mwari vachaita kuti ndizive kuti dambudziko renyu ndereyi here? Munga. . . Mungabatsirwa nazvo here? Chirwere cheshuga. Zvino, kana zviri izvozvo, simudzai ruoko. Ndizvo chaizvo!

<sup>177</sup> Zvangoitawo kuti mudzimai avete. . . agere pedyo nemi, ane zvimwe chetezvo. Muenzi wandisingazive. Mumwe mudzimai ari

kunyengeterera mumwe munhu, mwana akaremara. Imi tendayi nomwoyo wenyu wose, Mwari achazviita.

<sup>178</sup> Mumwe munhu imo muno nechekumashure. Murume agere ikoko, ari kuedza kusiya kuputa fodya. Munotenda kuti Mwari achaibvisa kubva pamuri? Zvose zvakanaka. Munotenda? Munogona kuzvigamuchira. Handina kumbobvira ndaona murume uyu muhupenyu hwangu.

<sup>179</sup> Hapanoi pane murume. Muri kuona mumvuri wakasviba wakaremba pamusoro pemurume uyu ari pano avete pane chinenge nhovo, kana kuti pachigaro? Ari kufa. Ane mumvuri. Ane kenza. Handimuzivi murume uyu, handina kumbomuona. Mwari vanoziva zvose pamuroso penyu. Ichocho ichokwadi, changamire. Munotenda here kuti Mwari vanogona kundiudza chimwe chinhu pamusoro penyu? Zvingakubatsirei kuti mugamuchire kuponeswa kwenyu here? [Hama inoti, “Hongu, ndichadaro.”—Mupepeti.] Waunzwa pano neshamwari. Asi haugare muno, unogara kune inwe nzvimbo uko kune mvura zhinji uko vanhu vanoraura hove ikoko. [“Hongu.”] Hongu, Albany, Kentucky. [“Ndizvozvo chaizvo.”] Ndizvozvo chaizvo. Tenda, uye unokwanisa kudzokera kumusha, wapura. Tenda kuti zvatoenda. Kana ukaZvitenda! Unofanira kuZvitenda, uye tenda kuti watozviitirwa. Unotenda?

<sup>180</sup> Imi, munobva kuTennessee, mune mukomana ane asthma. Haasi pano, asi munotenda kuti achaporeswa? Zvino chitorai jira renyu rehengechepfu, renyu...muruoko rwenyu ipapo, moendesa kwaari. Achaporeswa kana mukaZvitenda.

<sup>181</sup> Mudzimai uyo ari kuchema, agere nechemhiri kubva pana Doctor Vayle apo. Akaputirwa nemumvuri, zvakare, mumvuri wakasviba. Handina kumboona mudzimai uyu muhupenyu hwangu, asi ane kenza. Achafa kana chimwe chinhu chikasaitwa kwaari. Munotenda here kuti Iye achakuporesai, amai? Munokwanisa? Munogona kutambira kuporeswa kwenyu, kana mukangotenda.

<sup>182</sup> Pane kamudzimai kaduku kagere necheshure kwake kane jira rehengechepfu pamuromo wake. Naiyewo zvakare ane mudumbu mune maronda, anorwara. Wanga uchingoita zvekungofenda, usingaone, nokuwira pasi. Mumwe munhu akuunza pano. Une dambudziko rechidzimai. Kana ukatenda, unokwanisa kuenda kumba, kunova zvakanaka.

<sup>183</sup> Iwe, mujaya, uri muenzi wandisingazive; ugere ipo pano pamberi pangu, wakanditarisa. Uri wekupi, wokuPuerto Rico kana zvakadaro? Hongu, zvandanga ndichireva, ...?...! Handizivane newe. Unoziva izvozvo; iwe hautombori wemunyika yangu. Asi unotenda kuti Mwari anokwanisa kukupa chishuwo chemwoyo wako? Kana ndikakuudza chishuwo chemwoyo wako, uchazvigamuchira here? Uri



kutsvaka rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Ichocho iChokwadi. Gamuchira Mweya Mutsvene, hama yangu.

<sup>184</sup> Heunoi murume wechitema agere necheshure uko pano, ane mutoro pamwoyo wake. Uri pamusoro pomudzimai wake. Haasi pano, kunyange zvakadaro. Ane dambudziko netsoka dzake. Unotenda here kuti iYe achamupodza? Unodaro? Uri muenzi pano. Unobva mhiri kwegungwa. Unobva kuJamaica. Unotenda kuti Mwari vanogona kundiudza kuti ndiwe ani? VaBrady. Munotenda? Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

<sup>185</sup> Mudzimai uyu akagara shure uko mhiri kwemucheto *uyu*, pedyo naMai Wright uko, ane mutoro pamwoyo wake. Ari kunyengeterera mwanasikana. Ari kufanira kunovhiiwa. Unotenda nomwoyo wako wose, kumutendera? Haazombovhiiwa kana ukaita kuti iye aZvitende. Ini handigone kupodza.

<sup>186</sup> Seri uko kunochengeterwa vaduku, ndiri kuona Mweya waIshe, iyo Ngirozi, Chiedza chiri kufamba muimba yevaduku. Uri pamusoro pemudzimai wechidiki, uye ane dambudziko repamweya raari kunetsekana pamusoro paro. Zvinoita sekunge ndinofanira kunge ndichiziva mudzimai uyu, neimwe nzira, mudzimai wechidiki. Iyewo zvakare ane dambudziko rechidzimai. Hongu. Zita rake anonzi Mai West, vanobva kuAlabama, Mai David West. Tendai; Mwari vachazvipa kwamuri.

<sup>187</sup> “Pachave neChiedza, uye nezuva iro apo Mwanakomana wemunhu acharatidzwa.” Kana asiri Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, hatimboziva chinhu pamusoro paZvo. MunoZvitenda here? Zvinhu zvose zvinogoneka kune avo vanotenda.

<sup>188</sup> Kunze kuma maikirofonu munyika yose zvino, uye nomutabhenakeri ino, vangani venyu vachasimudza maoko enyu uye mugoti, “Ndiri mutendi”? Zvino, imi kunze uko kumatunhu, vanhu vose vakasimudza maoko avo, muno. Uye kunze uko, kune dzimwe nzvimbo nyika yose, makasimudzawo maoko enyu mudenga, pasina kupokana. Zvino chivharai maziso enyu, chingoisa maoko ako pane mumwe munhu ari pedyo newe. Bata ruoko rwavo. Chirwuradzika pabendekeke ravo. Ndine maoko angu pamachira emahengechepfu. Tarisai zvaitwa nhasi! Chitarisai zvaitwa iye zvino.

Takatarisa chiso chaKe chakayereswa

Tichibwinya nerudo rweDenga;

Vadyi vakaropafadzwa venyasha dzaKe,

Semaparera ekorona yaKe achapenya.

Zvino namata. Ngatinamatei, kwese kwese.

<sup>189</sup> Mwari vanoDikanwa, nguva yasvika. Ko izvi zvinorevei? Mwari ari kuzadzikisa Shoko raKe! Chiiko chiri kukwezva,

Ishe? NdiMwari ari kuzadzikisa Shoko raKe. Chiiko ichi kunze chatandavara nyika yose, kubudikidza nenzira yerunhare, kuti mazana evanhu vakaisa maoko avo mumwe pane mumwe munyika yose, kubva pane mhenderekedzo imwe kusvika pane imwe, kubva kuChamhembe kusvika kuMaodzanyemba, Mabvazuva kusvika kuMadokero? Hapanoi pano pagere vanhu vanobva kunyika dzekunze, nyika dzakawanda, Mexico, Canada, zvino tine maoko edu akaiswa pane mumwe nemumwe. Mwari vachizadzikisa Shoko raVo!

<sup>190</sup> Ko zvinoitika sei kuti munhu anokwanisa kumira pano neMweya Mutsvene uye agodana munhu sezvaAkaita Simoni Petro, “Zita rako ndi Simoni, uri mwanakomana waJonasi”?

“Enda unotora murume wako ugouya pano.”

“Handina murume.”

“Chokwadi. Une vashanu.”

<sup>191</sup> Mudzimai ndokuti, “Ndinoziva kuti Mhesia ari kuuya kuzoita izvi, asi ndiMi Ani?”

Iye ndokuti, “Ndini iYe.”

<sup>192</sup> Zvakare Muri mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Uye Makavimbisa, “Mabasa Andinoita nemiwo muchaaitawo. Mazhinji kupfuura aya muchaaita, nokuti Ndinoenda kuna Baba.” “Uye, tarira, namazuva okupedzera Ndichakutumirai Eria muporofita, uye, iye achashandura pfungwa dzavanhu, kutendeutsa mwoyo yevana kuidzosera kuDzidziso yechiapostori yemuBhaibheri.” “Uye pachava neChiedza panguva yemanheru.”

<sup>193</sup> Hezvino tiri pano, Mwari mukuru weDenga! Nguva yave pano! Maoko ari pamusoro pevanhu.

<sup>194</sup> Satani, watokundwa. Uri munyepi. Uye, semuranda waMwari, uye sevaranda, tinokuraira nemuZita raJesu Kristu, kuti uteerere Shoko raMwari, uye ubude kubva muvanhu ava, nokuti zvakanyorwa kuti, “nemuZita raNgu vachadzinga nokubuditsa mweya yakaipa.”

<sup>195</sup> Zvino vanhu vose vagosunungurwa. Zvigoverei, Mwari anoDikanwa. Ndimi Mwari weKudenga akakunda, zuva riya nekukwezva meso paGomo reKarivhari, zvirwere zvose uye nematenda uye nemabasa ose adhiyabhorosi. Imi muri Mwari. Uye vanhu vakaporeswa nemavanga eNyu. Vasunungurwa. NemuZita raJesu Kristu. Amen.

<sup>196</sup> Mwari, jira rehengechepfu rose rakaradzikwa pano, apo Mweya waMwari uri pano, apo chizoro chaJesu Kristu chiri pamusoro pevanhu, uye zviratidzo zvikuru zvaAkavimbisa zvichizadzikiswa, nenyika ichizunguzika, kudengendeka kwenyika kuchiitika, zviratidzo zvikuru zvaAkataura, uye noRugwaro rwuchizadzikiswa, neChiedza chamanheru chichivheneka. Ndinoisa mutumbi wangu

pamahengechepfu aya, ari kumiririra mutumbi wose wawatendi kubva kuMabvazuva, kuMadokero, kuChamhembe, nokuMaodzanyemba; uye ndichiti kuna dhiyabhorosi, “NemuZita raJesu Kristu, siya murwere wose achaiswa machira aya paari,” kuitira mbiri nokubwinya kweShoko raMwari. NemuZita reShoko raMwari, Jesu Kristu weNazareta. Amenii.

<sup>197</sup> Zvino, murunyararo, makabengenuka, makadzikama, uye muri mupfungwa dzakakwana, sevatendi, munotenda here zvino uye nokugamuchira kupodzwa kwenyu kubva kunaMwari Samasimba, nemuZita raJesu Kristu? Kana muchidaro, simudzai maoko enyu mudenga. Kwese kunze kumatunhu ose, simudzai maoko enyu kunze ikoko. Munhu wose ari muno, pese pandiri kuona, anga akasimudza maoko avo mudenga; mukati, kunze, napamafafitera, napamagoni, nemunochengerwa vacheche, uye nekwose kwakapoterredza, vanhu vaine maoko avo akasimudzwa mudenga. VanoZvigamuchira. Satani akakundwa! Mavanga aJesu Kristu anokuporesai, uye Huvepo hwaJesu Kristu hunosimbisa nyaya yokuti Iye anorarama nhasi, uye Anogara achikwanisa kuchengetedza vimbiso yose yaAkapa. Amenii! NdinoMutenda. Hamudarowo here? [Vungano inoti, “Amenii.”—Mupepeti.]

<sup>198</sup> Zvino ngatisimukei netsoka dzedu. NemuZita raIshe Jesu, tichigamuchira zvose zvaitwa kana kuti zvataurwa, tinoMuda nemwoyo yedu yose. TinoMufarira nezvose zvirii matiri. Zvino apo muri kuenda kudzimba dzenyu dzakasiyana-siyana kubvira manheru ano, Mwari ngavaende nemi. Mwari vakupei Mweya Mutsvene kana musina Mweya Mutsvene.

<sup>199</sup> Murume wose, mudzimai, mukomana, kana musikana, pano, asina kubhabhatidzwa nemuZita raJesu Kristu, pane hanzu, dziva remvura. Usaise pamangwana izvo zvinogona kuitwa nhasi. Mangwana zvinogona kunge zvatononoka. “Zuva rimwe nerimwe, zuva rimwe nerimwe, rakakwanirwa nezvakaipa zvaro.” Pane vashumairi vakamira, vakamirira, hanzu dzakamirira. Hapana pembedzo. Wakamirira here? Kana wakadaro, iwe tenda. Hazvinei kuti wakabhabhatidzwa sei, kumwaiwa mvura, kudururirwa, chingava chii, zvakakanganiswa. Chiedza chauya. Huya, tenda, uye bhhabhatidzwa.

<sup>200</sup> Munhu wose asina Mweya Mutsvene, dai ukagamuchira Mweya Mutsvene, mumwe nemumwe wenyu, muuzaro hwesimba reKudenga nerudo rwaAkakuvimbisa, kukuita chisikwa chitsva maAri. Mwari akuropafadzei.

<sup>201</sup> Zvino, kudzamara Svondo inotevera mangwanani nenguva dzahalf past nine, ngatiimbei kachimbo kaduku aka kataisimboimba makore apfuura.

Musakangangwe munamoto wemhuri,  
Jesu anoda kusangana newe ipapo;

Iye achatakura mitoro yako yose,  
Musakanganwe munamato wemhuri.

Ngatiimbei pamwe chete zvino.

Musakangangwe munamato wemhuri,  
Jesu anoda kusangana newe ipapo;  
Iye achatakura mitoro yako yose,  
O, Musakanganwe munamato wemhuri.

<sup>202</sup> Zvino apo tiri kuimba zvakare, kwazisanai nemaoko nemufambi ari pedyo newe, maona, apo tichinguno kuchiimba.

Musakangangwe munamato wemhuri,  
O, Jesu anoda kusangana newe ipapo;  
Iye achatakura mitoro yako yose,  
O, Musakanganwe munamato wemhuri.

<sup>203</sup> Ko haMumude here? Ini ndinoMuda. NdinoMuda nokuti Iye akatanga kundida uye ndokutenga ruponeso rwangu (ndicho chaikwezva meso) pa Gomo reKarivhari. Iko kukwezva meso kumwe chete paGomo reSunset, Gomo reNebho, Gomo reSinai, makomo ose akasiyana ezviitiko zvepamusoro pegomo. Zvino, zvose zvakanaka, ngatichiimbei zvino.

Ndinomuda, Ndinomuda  
Nokuti Iye Akatanga kundida  
Uye ndokute- . . . ruponeso  
Pamuti weKarivhari.

<sup>204</sup> Vose vanoMuda, itai kuti, “Ameni.” [Vungano inoti, “Amen.”—Mupepeti.] Ngazvive saizvozvo! Zvino chingofunga pamusoro pezvaAkakuitira; pafunge, kuti ungadai uri mubhawa manheru ano. Ungadai pamwe uri muguva seniwo ndingadai ndirimowo, dai pasina tsitsi dzaMwari. Chii chaAkakuitira? O, tingatadze sei kuMuda? Hazvina mutsauko zvingataurwe naani zvake, Iye ndiYe wokutanga.


<sup>205</sup> Ngativharei maziso edu, uye ngatikotamisei misoro yedu patiri kuchiimba kwaAri zvino. Iye anoda nziyo, kuimbwa kwenziyo. Ngatichiimbei kwaAri zvino.

NdinoMuda, ndinoMuda  
Nokuti Iye akatanga kundida  
Uye ndokutenga ruponeso rwangu  
Pamuti weKarivhari.

<sup>206</sup> Nemisoro yedu nemwoyo yedu yakakotamiswa muHupo hwaKe, tichitenda izvo zvaonekwa nemeso edu, izvo zvanzwika nenzeve dzedu, zvakanyorwa muShoko raMwari, zvanga zviri vimbiso yaKe kwatiri nhasi. Mwari vakuropafadzei.

<sup>207</sup> Tine mu—muenzi pakati pedu manheru ano, imwe hama, Ned Iverson, kare vakambenge vari mushumairi wePresbhatarieni. Baba vavo, vanun’una vavo, vashumairi vePresbhatarieni. Ivo, ndinonzwisisa, vabhabhatidzwa nhasi, zvakare, nemuZita raJesu Kristu. Muparidzi, uye vanogona chaizvo basa iroro. Uye

zvino ndichavakumbira kuti, sezvo ndichivatenda kuti muranda waMwari, kuti vakumbire maropafadzo aMwari pamusoro pevungano ino apo mava kuenda kumba kwenyu.

<sup>208</sup> Hama Iverson, uyai kumberi, patiri kukotamisa misoro yedu kuti tinamate. Mwari vakuropafadzei, hama yangu. 

*CHII CHIRI KUKWEZVA MESO PAGOMO?* SHO65-0725E  
(What Is The Attraction On The Mountain?)

Mharidzo iyi naHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga ne Chirungu neSvondo manheru, 25 Chikunguru, 1965, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neveVoice Of God Recordings.

SHONA

©2017 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)